Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№98 (21.006) ● 2007 гъэм накъыгъэм (майм) и 19, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● www.adyghe.ru adyghe@mail.ru

Кавказ зауэм и 143-рэ щрикъум ирихьэлIэу КъэбэрдеI-БалъкъэрэрЕспубликэм и Президент Къэншэуэ А.Б. цIыхуэм

Зэрызахуигъазэр

Си хэкуэгъу лъапIэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм, дуней псом адыгэу тетым иринэжъхьеIуэ ягу къагъэкIыжынущ зэман кIыхькIэ екIуэкIа, лъэпкъкIуэдыр адыгэхэм кьахуэзыгъэкIуэну щыта Кавказ зауэр зэрнухрэ илъэси 143-рэ зэрырикъур. А зэманым тещIыхьауэ зи бжыгъэкIэ щIыкIуу щымыта лъэпкъыр, и бзэкIар Iэщlаудауэ, адэкIэ зыщыгугъынри кьыхуэумынауэ, дуней псом икъуха щыхъуащ.

Лъыгъажэ зауэм лажьэншэу хэкIуэдахэм папщIэ лъэпкъыр щыщыгъуэ махуэм дэ дигу кьыдогъэкIыж я щIыналъэр яхъумэурэ зи гъащIэр зытахэр икIи ди щхьэр яхудогъэщхъ Кавказ зауэм ихьа псоми.

Сыт хуэдэ гуэвэгъуэ, гъэунэхуныгъэ хэтъэ кьыдгъыкъуэмыкIами, фIыгъуэ псоми япэ щхьэ хуитынынигъэмрэ щалъхуэ щIыналъэр фIыуэ лъагъэунымрэ иригъэщIуу, цIыхум пщIэ хуищIу ильэс мин бжыгъэкIэ кьэкIуэкIа адыгэ лъэпкъыр хэкIуэдэжакъым, абы и пщIэр, и щIыхьыр, и зэфIэкI лъагэр ихьумэжащ. Урысейм щыпсэу лъэпкъ куэдхэм я унагъуэ зэкъуэтым хэту, абы иджы тегушхуауэ гъащIэщIэ еухуэ икIи хуэфащэн увыпIэ У рысеймИ дунейпсо утыкум щIыбгъщ.

Нобэ дэ пщIэ хуэтщIу дигу кьыдогъэкIыж дяпэ ита псоми зэрахьа лIыгъэр. Урысей къэралыгъуэм пыщIауэ тхыдэм кьыхэна а напэкIуэцI гущIыхьэм щхьэкIэ къэмынэу, абыхэм яхуэзэфIэкIащ хэкур яхъумэн, абы къэдкIуэу, «ИгъащIэкIэ У рысейм дыгуэгъынщ!» жаIэу, зэгуэр ятауэ щыта тхъэрыIуэр ягъэпэжкIи. Мыгувэу дэ, нобэрей Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэм, дгъэлъапIэнущ Урысей къэралыгъуэм дыдэрыхьыхьар илъэс 450-рэ зэрырикъур. Шэч къытесхьэркъым а Iуэху гуфIэгъуэм ди щыхъуэхэр зэрыдэкIуэгъэувэнум, У рысей Федерацэм къыгурэхьипIэ зимыIэ и Iыхьэу щыт Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр, зэкъуэтыныгъэр нэхъри зэрыщIигъэбыдэнум.

Мы нэщхъеягъуэ махуэ къэбзэгъам дыщатхъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм, адыгэу дуней псом т етым сехъуэхъуну сыхуейщ мамырыгъэ, фIыгъуэ, екъулIэныгъэ яIэну.

Ди щIыналъэ лъапIэм гъащIэр зэи щремыужьых!

Адыгэ макъ №67

ЧЕРКЕС ХЭКУ

Iуэхум сызэреплъэр

● Абы дегъэпIейтей

Дунеим зы лъэпкьи тету кьыщIэкIыщкьым гуаэу ни дыдэ гуэрым и мафIаем кьыкIуэцIрымыкIа, кьимыдынщIа. ГуаэофIрэ гуаэ Iейрэ щыIэкьым, ауэ ахэри, узыфэхэр зэрызэхуэмыдэм ещхьы, зэщхьэщокI: щыIэщ зэманым зэтриуIэфIэж гуаэи, хушхьуэгъуэ лъэпкъ зимыIэ узыфэм, мыгъуэщыж уIэгъэ бзаджэм ещхь лъэпкьпсо гуаэи.

Хьэдэн абы утепсэлыхьыни кьудейри, ауэ ильэспир зи пщалъэ екIуэкIа Кавказ зауэжьым адыгэм кьыдидза удыпыр, дыдыхидза лъэпкьпсо гуаээр апхуэдизкIэ инщ, апхуэдизу гущIэгъуншагъэр залымыгъэр хэлъу ди хэкур зэхихьэну, ди лъэпкьыр зэбридзащи, щIыналъэр щхьэ бжыгъэр теухуауэ дэ зэгуэр, нэсу дэнэ кьэна, абы екъэхуэу дыкъэплъэжьыным упщагуэлыщ щхьэгъэщIэжщ. Мис абы, ди лъэпкьыр ильэс мин бжыгъэкIэ зэрыса и щIыналъэм зэуэр зэуIу щыхъужьну гуэлыщ дыщкъ зэрыщымыIэм, ещI Кавказ зауэм адыгэм кьыгъэихьа гуаээр гуаэу тIуащIэ, гуаэу мыухьж.

ЦIыХУ Iущ гуэрым мыпхуэдэу жиIэгъащ: «ЛIыхьужьхэм я нэхъ пажэхэр - зи ЛIыхьужьыгъэм уэрэд трамыуэсыкIу кьэнахэрщ». Кавказ зауэжьым хэкIуэда адыгэ лIыхьужьхэр ящыщщ мис апхуэдэхэм. Хэкумрэ лъэпкъымрэ апхуэдизкIэ зэтракъутати, абыхэм яхуэусэну гукъыдэж зиIэ къахэнэжауэ щытакъым абы щыгъуэ адыгэхэм.

Дэ, нобэ псэу адыгэхэми адэжI къэкIуэну ди лIэужьхэми ди къалэнщ зи псэхэр кьытщIэджэ а лIыхьужьхэм дахуэпэжьыну, яхуэфащэу дыкъыщIэкIыну. «ЦIыхущ» къытхужаIэу а цIэ лъапIэр зетхьэным щхьэкIэ. ЩхьэбжьигъэкIуэдейуэ дунейм дытемытыныM щхьэкIэ.

Шэч къытесхьэркъым: хэкум шапIуэдэ зыхуэзыщIа а лIыхьужьхэм я псэр пэджжэу зы адыгэ дунейм тетыхукIэ, ахэм я лъэужьыр гъущынукъым, я гуаээри псэунущ. «Адыгэм я щыгъуэ махуэ» жиIэу ди лъэпкъ махуэгъэпсыми итынущ абы и нэпкъыжьэ бзаджэр зытелъ махуэр. Гъэм и дахэгъуэу адыгэм я джкIэ нэхъ махуэ фIыщIэ дыдэр - накъыгъэм и 21-р.

Псалъэм ыкьыдэкIуэу жытIэнщи, а Щыгъуэ махуэм екъэлIа дауэдапщэхэр куэд щIауэ икIи Iэтауэ щрагъэкIуэкI ди лъэпкъэгъу хэхэсхэр зэуIуурэ щыпсэу къэралыгъуэхэм. Сэ сыхэтащ, псалъэм папщIэ, Тыркум щыпсэу адыгэхэм ирагъэкIуэкI апхуэдэ дауэдапщэ, А гуаээр зэрыкъуэдпщэжкIэ Iэтауэ, гуэ еIэу ирагъэкIуэкI.

КIэщIу сытепсэлъыхьыну сыхуейт а Iуэхур ди деж зэрыщеKIуэкI щыкIэм. КъэзэбинэкIам ухуущIэджэж зэпыту упсэу хьунукъым, - мы Iуэхум екъэлIауэ жыпIэмэ, абы и къежьэкIами и къежьэкIыкIами зэманым и нэпкьыжь телъу щытатэжнуц. АтIэми, дыкIуэурэ, а зэман дыдэм дришэлIауэ си гугъэщ мы гупсысэм: а лъэпкьпсо гуаэуэщхуэмрэ абы етщIэкI дауэдапщэмрэ зэхуэдэкьым икIи зэхуэдизкьым. Псом хуэмыдэу мы нужьрей илъэс зыбгъуэщIым зэредгъэкIуэкIа щыкIэм уриплъэжа нэужь, гу лыботэ а Iуэхур екьуэрэ зэрыкIуэм, лъэпкъыр дызымыгъэлъапIэ, а Iуэхугъуэщхуэр зыгъэпуд щIыкIэ гуэрым дыхуэхIэкIэ зэрыхьунум. Абы, псом япэрауэ, егупсысыкъу кьызэлыхьэ ди республикэм и унафэщIхэри, лъэпкъ интеллигенцэри, ди лIэужьхэри.

Апхуэдэ митингхэм дыщызэрагъэдалуэ доклад «ухуэнщIаэр», а дызэсагъэхьыни тету зэхалъэ спискэмкIэ («мыр», «мор», «мобыхэм ящыщ зы», («модрейхэм ящыщ зы») кьагъэпсалъэхэм я гуншэ-псэншэ псалъэхэр - ахэр екьэлIэгъуейщ лъэпкъпсо Щыгъуэ махуэм щыIэн хуей щытыкIэм.

Сэ кьызэлыыгъ мы дауэдапщэм акыыл зэхэткIэ зы гъэпсыкIэ пыухыкIа кьыхэугупсысын хуейуэ. А гуаээшхуэм хуэфащэрэ хьуэ имыIэу. Дэ тхуэдэу зи тхыдэм «уIэгъэ мыкIыж тельэ» японхэм, ермэлыхэм, иэгъэущI лъэпкъхэм щапхъэ кьатехауэ.

А дауэдапщэм хэтын хуейкъым мы Iуэху иныр зыгъэлъахьшэ гуэри, гъэурыгуэ псалъи. Ди лъэпкъым кьыдекIуэкI щыпкъагъэм тету, егъэлеярэ къырихьэлIахэм псэкIэ кьыбдамыщтэнрэ хэмылъу, эстетикэм и хабзэкIэ щыгъуэ утыкур, жьантIэр гъэпсауэ (щыгъуэ фащэ зыщыгъ щIалэхэр, хьыджэбзхэр, адыгэ бэракьыр, н.) апхуэдэут ар зэрекIуэкIыпхьэр.

Мыпхуэдэ дауэдапщэ гъэпсыгъэ проектхэм хэлъэн, нэхьыфIу кьальытэр IэIэткIэ кьэзыщтэн хуейр, дауи, Нэхьыжьхэм я хасэ кьудамэрщ. (Догутъэсытым дежи иIэн анхуэдэ кьудамэ щхьэпэ ди Хасэм кьызэригъэпэщыну).

ПЭщIэрыщIэу зэхэтлъхьа апхуэдэ зы план фи пащхьэ идолъхьэ.

1.Ефэндым (кIэщI дыдэу, адыгэбзэкIэ) Щыгъуэ махуэр кьыззIуех. (Ефэндыр жьакIуэу, утыкушхуэм езэгъыу, щыгъуэ щыгъынкIэ хуэпауэ щытмэ, нэхъыфIщ).

2. КъекIуэлIа псомиефэндым дыуэ ярегъащI. (Мыпхуэдэ Iуэхум уи зыхуэпэкIэр езэгъыу щытын зэрыхуейр цIыхум хуэм-хуэмурэ кьащтэну дапщэгуть).

3. «ИстамбылакIуэм» и уэрэдыпкъ гуузыр псалъэншэу (вокализу) хорым жиIэу мэIу. (Мыр, шэч хэмылъу, а Iуэхум тегъэпсыхьарэ, зэрыжаIэу, пкъынэлынэм дыхьэу иратэхтын хуейщ).

4. ЩакIуэ зытеубгъуа шыр заузлIхэм утыкум къаршэ. Зы зауэлIым ЮмпIэр иIыгъщ, адрейхэр щырыщрэ зэкIэльхьэжьу шым бгъурытщ. ЗауэлIхэм афэхэр ящыгъщ, тажхэр ящхьэрыгъщ, ахэм зэрекIункIи хуэпахэщ. Щаливлым я сэщхуэхэр кьэрари, сэшхуэпэр щым етаро я щхьэхэр щIэгъуауэ ёоувыкIэхэр.

5. КъекIуэлIа псори, я щхьэхэр екьэхауэ, дакьинкьытхукIэ зэхот. Щыгъуэ дауэдапщэм и нэхъ «къагапIэ» дыдэу щытын хуейуэ кьыслIхьэжьу сэ мыр: а гуаэм и инагъыр псэкIэ зэригъэзэхуэну, гукIэ зэупщIыжьыну, жэуап зритыжьыну дэтхэнэми Iэмал щигъэт Iыхьэщ мыр. Абы кьыхэкIыуи дакьинкьытхукIэ нэхъ мащIэр мащIэ Iуэху. ЗыщытэгъэущIэн кьыкIым а дакьинкьытхуэ кIыхьу кьыпщызымыгъэхъун гуэрэхэр утыкум зэритыр: щIакIуэ зытеубгъуа шыр, зауэл щIалиблыр... Шым щIакIуэр кьытрах, IумпIэр зыIыгъа щIалэр ягъэшэс, щIакIуэр зытреубгъуэри, ди лъэпкъыр ноби зэрыпсэур, псэуну зэрыхуейр кьэзыхьэлIагъуэ уардэ тесыкIэ иIэу ирашыж.

6. «ИстамбылакIуэр» аргуэру мэIу. Абы щIэту бгъэдыхьэурэ, фэеплъ сыныр удэ гъэгъахэмкIэ кьагъэтIылъыхь. (Республикэм и унафэщIхэм кьищынэмыщIауэ, мы удэтеплъым хэтын хуейуэ кьыдолытэ еджапIэ нэхъыщхьэхэри, курытхэри, театрхэри, коммерцэм епха лъжьаIпIэхэри, н).

7. Удэтелъхэр зэрызэфIэкIыу ефэндым псалъэ кIэщI дыдэкIэ Щыгъуэ махуэр зэхуеIныж. Псалъэм папщIэ, мыпхуэдэу: **«Кавказ зауэжьым хэкIуэда ди лъэпкъэгъуэхэм я псэхэр гуфIауэ Тхъэм жиIэ. А гуаээшхуэр тщызыгъэгъупщэн изгъэщI лъэпкьпсо гуаэ Тхъэм зэи димыгъэльатIэ. Е1Iанэгъэ пIалъэ блЫтIэуэшхуэ Тхъэм псори дыпнгъэс. Фи Iуэху дахэ ухуэ».**

Кьытыдогъэзэжри: мы планыр щапхъэ папщIэу къэтхьа къудейуэ, кьыхалъхьэнкIэ хьуну проектхэм языхэзу кьэлытэн хуейуэ аращ.

Мы тхъам кьыкIыркъа а Iуэхум теухуауэ узытепсэлъыхьыни ущIытепсэлъы хьыни щымыIэу. Узытепсэлъыхьыни гъунэжу хэтыщ а Iуэхум, тепсэлъыхьыни хуейщ. Мис абы папщIэ къэублэжьыпхъэу кьызэлытэ Щыгъуэ махуэм и пэ кьыхуэу щIэныгъэ кьоферентхэр зэхэщэнырэ, выставкэхэр егъэкIуэкIыныр. Мыри зыщIыгъэгъупщэн хуейкъым: зы еджапIэ къэмынэу щащIу щытащ Щыгъуэ махуэм теухуа литературэр композицIэ гъэшIэгъуэнхэр. Аэр щIалэгъуэдгъм я джкIэ сэрпышхуэ зыпылъ Iуэхут. Гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIи. Еджэныгъэ и IуэхукIи.

Апхуэдэущ сэ мы Iуэхум сызэреплъыр.

IУТЫЖ Борис,
КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, Урысей Федерацэм культурэмкIэ цIыхьэ зиIэ и лэжьакIуэ.

Ди къалэн нэхъыщхьэхэр

Зауэ гуащIэ куэд я нэгу щIэкIащ адыгэ лъэпкъхэм. Ди тхыдэм щыгъуаэзэм ещIэ ди лъахэм и псэм кьещэ зэрыпихьуакIуэхэм адыгэхэр зы махуи зэрамыгъэтынщар - я хуитынигъэмрэ я хэкумрэ папщIэ лъы ягъажэ зэпытащ адыгэхэр курыт лIэщIыгъуэхэм кьыщIыщIэдзауэ. Псом хуэдакъым Кавказ зауэкIэ зэрдэр - илъэсищэм нэбдапгъэкIэ екIуэкIащ ар. Адыгэ лъэпкъхэм лъапсэрыхьыр кьахуигъэкIуащ а зауэм, абы и мафIэлыгъэм хисхьащ адыгэ минищэ зыбжанэ, кьелам я нэхьыбапIэм хэкур ирагъэбгынэри, дунеим текъухьа хьуащ. Адыгэхэм игъащIэкIэ ящыгъупщэнукъым Кавказ зауэм кьахихьа насыпынышагъэмрэ гукъэтэгъуэмрэ - абыкIэ ахэр зыгъэкъуэнщэфын щыIэкъым.

ТХЫДЭР щыгъуаэзщ Кавказ зауэр зыублар езы адыгэхэр зэрыармырэм, ахэр а зауэ гущIэгъунщэм хэзыдзар урыс пащтыхьым и дзэлI кьанлыхэрщ. Ахэр топрэ мафIэкIэ кьащыльихьэм, адыгэхэм Iэщэ кьащтэн хуей хъуащ, я хуитынигъэмрэ я хэкумрэ яхьумэжкин папщIэ. А зы кьуаншагъэрщ адыгэхэм ябгьэдэльар - я хуитынигъэмрэ я хэкумрэ яхьумэурэ, я псэр зэратарщ. Уигу кьеуэр я бэнэныгъэм адыгэхэм насыпынышагъэ фIэкI кьазэрыхуэдэмыкIуарщ. Зауэм и кIэр хьэдагъэщ щыжаIэ махуэхэм ящыщ зы хьэуащ накьыгъэм и 21-р: 1864 гъэм и ужькIэ хэкум кьинэжар адыгэхэм я Iыхьэ пщIанэщ - аращ Кавказ зауэм кьахуихьар. Абы и зэранщ адыгэхэм я щIыналъэм и нэхьыбапIэри зэрафIэкIуэдар.

Сыт Кавказ зауэм и щхьэусыгъэщ, щхьэ кьатепсыхэм хуей хъуа ар адыгэ лъэпкъхэм - кьэбэрдейхэм, щапсыгъэхэм, абазэхэхэм, бесльэнейхэм, натхуэджэхэм, убыххэм? А упщIэм щIэныгъэлIэжм жэуап щрат тхыгъэ, лэжьыгъэ я куэд дунеим кьыптехьащ иужьрей илъэсхэм, дяпэкIи кьытехьэнущ, сыту жьапIэмэ а зауэр УрысеймИ ди лъэпкъэмИ я тхыдэм пхуэдэныкъым, щыгъэщIэзэманыр блэкIащ, ПцIы зыхэмыльыжьыр зыщ: адыгэ цIыкIубзэм урыс цIыхубзэм я фейдэ хэлъакъым Кавказ зауэм, тIуми я дежкIэ насыпынашагъэт; абы зи фейдэ хэльар щыгуикIэ зызымыгъэнщI инэрал зауэшхьэрщ: адыгэхэмэ урысхэм ящысхьакъым ахэр.

Нобэрей щIэблэм дежкIэ дерс куэд кьыхохтэджкьI ди тхыдэм. Ар щыдджкIэ, дигу иль эпытын хуейщ нобэрей щIэблэм ди кьалэн нэхьыщхьэхэр - ахэр я кууэ кьыдгурыIуэу и чэзум зэрыдгъэззщIэным ди гуащIэри ди зэфIэкIри хуэдунэтIмэ, зр дерс псом ящхьэщ. Лъэпкъ цIыкIуэр кьыщыщIэрэщIэж лъэхъэнэщ дз дыззэрытыр, кьарууэ диIэр зыхуэдэнэтIын хуейр ди лъэпкъым фIыгъуэ кьызIэреуэлIэныщ. ДэркIэ фIыгъуэщ, ди хэкур щIэращIэмэ, ди цIыкIухэр нобэ зыхэт гугъуэхьхэр нэхь щIэх ящхьэщыкIмэ, Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм дадекIуэрэ дехьэдехуэу задэздужьмэ, ди щIыналъэм ныбжьэгъуэрэ мамырыгъэрэ фIэкI щамылъагъэмэ. Ди лъэпкъхэр игъащIэ лъандэрэ зыщIэхьуэпса къэралыгъуэ дгъуэтащ нобэ, абы и лъэм зедгъэкуэгуэдинымрэ и лъабжьэр гъэбыдэнымрэщ псори дызытелэжьэн хуейр. Зыми тщремыгъупщэ: зэманымрэ тхыдэмрэ хуэдэ Iэмалхэр и чэзум кьыумыгъэсэбэлтмэ, абы утеплъэкъуэкIрэ, лъэбакъуэ пхэнж пчымэ, уIэбэкIэ улъэIэсыжьнукъым - апхуэдэ кьыщыщыща кьэхъуащ, тхыдэр щыхьэт зэрытехьэущи...

Адыгэ зэпхъэкъэм я фэеплъ махуэм ящыщщ ар дигу илъ зэпыту щытын хуейуэ. А зы махуэм фIэкI дигу щыхэщынэ махуэ дремыльагъуж дяпэкIэ - аращ дэтхэнэ адыгэмэ и хъуэпсапIэр. НэгъуэщI пльапIэ диIэкъым дэ - ди лъэпкъым нэхъри зиужьауэ, я пщIэр лъагэрэ и гуащIэр, и щIыкьыр инУ, мелуан бжыгъэкIэ дунейм текIуэна хьуа адыгэхэм я вагъуэр уафэ бзыгъэм щылыд зэпытУ тлъагъун фIэкI.

ЭраллытэмкIэ, мелуанитхум нос дунеим нобэ тет адыгэхэм я бжыгъэр. Къэрал пльыщым щIигъум щопсэу ахэр, зэрыс къэралхэм пIщIэшу я щащIэу ди лъэпкъэгъуэм, дзэпщ, лыщхьэ, дипломат, къ улыкьущIэ, щIэныгъэлI, тхакIуэ цIэрыIуэ куэд я къаужкIащ Тыркуми, Иорданиеми, Сириеми, нэгъуэщI къэралхэми щыпсэу адыгэхэм. Ар щыхьэт тохьуэ адыгэхэр зэрыльэпкъ лъэрызехьэм, лIэщIыгъуэрэ ныкьуэм нэблэгъауэ хэхэсми, я гуащIэмрэ я зэхэщIыкIымрэ зэрымыкIыщIам. Ар дэнэ кьэна, иужьрей илъэсхэм нэхьри дэкIуэтеящ дэнэ кьэрали щыпсэу адыгэхэм я пщIэр, я гуащIэр нэхьри кьеблащ, я бзэр, я лъэпкъ хабзэхэр хьума зэрыхьуарэ нэрылъагъущ. Абы и лъэныкьуэкIэ дэжьыгъэщхуэ ирагъэкIуэкI Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым щызэхэт лъэпкъ Хасэхэм. Ар псори дызыщIигуфIыкI Iуэху дахэщ, а Iуэхур нэхъ егупсысауэ, нэхъ хэкъуэгуэ унэтIын хуейуэ я кьалэнщ дэни щыпсэу адыгэхэм.

Пlалъэншэу

Къэзахстаным и президент Назарбаев Нурсултан 2012 гъэр къэсыху къэралу унафэщIу лажьэ хъунущ.

Апхуэдэ унафэ кьищтащ республикэм и парламентым. Ар Назарбаевым и дежкIэ тыгъэшхуэщ. ИужькIэ президенту хахыныхэр зэрыплъэжьнур пIалъэтI къудейкIэщ. Апхуэдэ щыкIэкIэ къагъэлъапIэгъуащ Назарбаев Нурсултан дзыхьышхуэ зэрыхуащIыр.

Зэпсэлъэныгъэ мытынышхэр

Самарэ и гъунэгъуу щыIэ санаторием щекIуэкIащ «Евросоюз - Урысей» саммитыр.

Зэпхущэм хэтащ ЕС-м и къэралхэмрэ УФ-мрэ я унафэщIхэр. Зэпсэлъэныгъэхэр тыншу щытакъым. АрщхьэкIэ лъэныкъуэхэм къагъэлъагъуащ зэгурыIуэну, зэрызэдалъэжьну Iэмалхэр зэгурыхуэну зэрыхуущIэкъур. Путин Владимир кьыхигъэщхьэхурэщ мы зэманым континентым и мызакъуэу, дуней псом кьыщыщIэкIа къэлэн инхэр зэфIэгъэкIыным зэгъусэу ящхьэ ихьэн зэрыхуейр. Германием и канцлер Меркель Ангелэ кьепльыпэ дыкъэзыхьуреихь дунейр хьумэным, энергиер зэгъэзэхуэным я Iэнатlэм псори нэхъ егупсын хуейуэ.

Апхуэдэу Путин Владимир жиIащ Латвиемрэ Эстониемрэ щыпсэу урысыбзэрыпсалъэ щыхуэхэм я хуитынигъэхэр кьыззрызэпаудыр тельыдэжьэн зэрыщытыр.

Кlэлъыплъыныгъэр гъэлъэщын

УФ-м и я1пэ вице-премьер Иванов Сергей Якъуларгъо палатэм и зэIуIэм къыщыщIэсэлъащ.

Абы кьыхихуэщхьэхукIащ палатэм хэтхэм кIэлъыплъынымгъэр ягъэлъэщын зэрыхуейр. Псалъэм и хьэтыркIэ, гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэ, кIэ зыгъэзытыпхъэ Iуэхуитхуэ кьиулыгащ хущхьуэ нэпцI щымыгъэIэныр.

Цlыхухэр хокIуадэ

Израильм и авиацэр Палестинэм и Газэ щыпIэм ещащ. Иджы абы и удынхэр зыхуэгъэзар «ХАМАС» зэгухьэныгъэм эхтэхэщ.

Цыхубгъу хэкIуэдащ. КIэлъыплъакIуэхэм кьыззрагъэльэтэмкIэ, Израильм и щыпIэрыкIуэдзэ кьаруухэри щыпIэм иришанкIэ хьунущ. Абы щыгъуэми езы палестинхэри зэгурыIуэжьркъым. Мыбы гуащIэу щызэпэщIэуващ «ХАМАС», «ФАТХ» зэгухьэныгъэхэр.

(ИТАР ТАСС)

Мы махуэхэм

Накьыгъэм и 19, щэбэт

◆Ставрополь крайм и махуэщ.
◆1943 гъэм СССР-м ЗыхьэмэжьныгъэмкIэ и Къэрал Комитетым унафэ кьищтащ Бахьсэн ГЭС-р зэфIэгъэувэжьнымрэ теухуауэ.

Ди къалэн нэхъыщхьэхэр

◆ Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэ ти 5-рэ дакъикъэ 37-м, къуэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 32-м.
◆Махуэм и кIыхьагъущ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 55-рэ.

Накьыгъэм и 20, тхъэмахуэ

◆ Метрологием и дунейпсо махуэщ. 1875 гъэм Париж щекIуэкIа зэIуIэм къэрал 18-м я щыгъуэзэм къыдащIуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Жьэкъмыхьэу Мусэбий.
◆ 1938 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хьэх Сэфарбий.
◆ Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 36-м, къуэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 33-м.
◆Махуэм и кIыхьагъущ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 57-рэ.

Накьыгъэм и 21, блыщхь

◆ Хы Хуэм флотым и махуэщ.
◆ Накьыгъэм и 21 - 25-хэм Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ ООН-м щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и комиссэм и 10-нэ сессиер.
◆ Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 35-м, къуэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 34-м.
◆Махуэм и кIыхьагъущ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 59-рэ.

ПIалъэхэр зыгъэхъэзырар ШАДМ Мухьэмэдщ.

Къэрал Гимн

Псалъэ щыIэ гушIэжьэщIи.

Накьыгъэм и 21-м еIуэкIынущ

Накьыгъэм и 21-м "ЩхьэхуитынигъэмI" и хадэм (Надшьыкым) щекIуэкIынущ Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 143-рэ зэрырикъум ехьэлIа дауэдапщэхэр.

Кавказым щекIуэкIа зауэ-политикэ Iуэхухэм (1763 - 1864 гъэхэм) хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъым и деж щащIэдзауэ, Кавказ зауэм и лIыкIуэхэм удз гъэгъахэр щагъэтIылъынущ, хэкIуэдахэм папщIэ дыуэ щащIынущ.

Республикэм и къалэхэмрэ районхэмри щекIуэкIынущ Адыгэхэм я фэеплъ махуэм ехьэлIа Iуэху зэмылIэуэжьыгъуэхэр.

Накьыгъэм и 21-м Щоджэнц1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ театрым игъалъэгъуэнущ Лохвицкий Михаил и "Уафэгъуэгъуэ макъ" повестым къытращыкIа спектаклыр.

ЩыщIидзэнур сыхьэт 12-рщ.

● Гу зылъытапхъэ

● Футбол

"Сатурн-Д" - "Спартак-Налчык-Д" - 3:3

Премьер-лигэм хэт командхэм я дублерхэм я зэхьэзэхуэм ныкъуэ лыгъуаэр Бронницы къалэм щекIуэкIа зэIуIэр апхуэдэу ихуащ.

ДИ ЩIАЛЭХЭМ ящыщу топхэр дагъэкIащ Дыщэкl Аслъэн, Узденов Роман, Гетериев Къазбэч сыгъ.

Балигъхэм я зэIуIэм нобэ сыхьэт 18-м щIидзэнущ икIи «Спорт» каналым ар эфир зашIэкIэ кьигъэлъэгъунущ.

Зы гъэбыдыр дгъэкIа...

Балъ Руслан зыхэт Урысей Федерацэм и командэ къыхэкаи (зи ныбжьыр илъэс 19 иримыкъуаэм) Европэм и чемпионатым и кIэух зэпеуэм зыхьэн папщIэ зы лъэбакъуэ ичыжьну аращ. Абы щыкъэкIэ щыдэл Голландием и командэ къыхэхар зытримыгъэкIуэн хуейуэ аращ.

Ар наIуэ хъуащ дыгъуэгъэ Чехым и ныбжьщIэхэр 3:1-уэ загъэщIа нужькIэ. Ди хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ Голландиер Инджылызым зэрытекIуар 2:1-уэ икIи зы топкIэ нэхьыбэ зэрыдигъэкIам Урысей Федерацэм и Iуэхур нэхьыфIщ ещI.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Хэкэс щэрджэс цIэрыIуэхэр

Тунуслу (Лъашэ) Хъайрэддин-пэщэ
(1819 - 1890)

Беслъэнейц. Щэрджэсым къыщалъхуащ. И адэр, Лъашэ Хьэсэн, урыс-кавказ зауэм хэкIуэдащ. Зеинтэу къыщынэм, Истамбул дэс и благъэм, Къырымыс Тахъсин-бей, зиIэ щэлIэжащ, абы иIа щIэрыдэжащ: Тунисир франджы зэрыпхъуакIуэхэм щахъумэн папщIэ, абы ягъэкIуа адыгэ щIалэхэм яхэтащ. Тунисым и губернаторАхьмэт-пэщэ гу кIыпIитэри, къуэ ищIащ, Франджым игъакIуэри, офицерхэр щагъахьэзыр Сент-Сур" ешхапIэр къырагъэхащ. ЩIэх дыдэ дэкIуэтекIащ щIалэ жьмыр: илъэс 36-рэ щыхьуам ар генерал-полковник. 1857 гъэм - Тунисым и зауэ-хы флотым и Iэтащхьэщ, 1861 гъэм - Тунисым и мэджлисым (парламентым) и тхьэмадэщ. Тунисым и лIыкIуэ къулыкъур европей къэралхэм щигъэзэщащ.

Лъашэ Хъайрэддин Тунуслу къыщыIабгъэр Тунисым хуитэкIыжрэ абы и пащхьэм щиIэ фIыщIэмрэ папщIэщ. Тунисыр зи Iэмыщ1э ихуа пэщэр къеныкъуэкъу щIихъум, фыгъуэнэдхэмрэ жагъуэгъуэмрэ пэIэщIэ зищIын щхьэкIэ, Тунуслу и къулыкъур кыигъанэри, Европэм кIуаеуэ щытащ. СультIан Абдул-Хьэмид II и лъэпкъыIэ 1878 гъэм Истамбул кьигъэзэжащ. Нэхъ иужькIуэкIэ сенатор хъуащ, премьер-министр кулыкъури зэрихьащ. Къаралым зэхъуэкIыныгъэ щегъэжIуэкIын хуейуэ кIыпIытэри, апхуэдэ реформэм и проектыр сультIаным и пащхьэ ирилъхьащ. Абы зэрыжиIакIэ, империер конституцие хабзэм тегъэуцуагъ хуейт. Апхуэдэ проектымкIэ акъылэгъу хъуакъым медджлисри сультIанри. Тунуслу и кулыкъум текIын хуейт хуащ. Лъэныкъуэ зригъэзэри, дунейм тетыху, Куручешмэ щыпсэуащ. ЩIылIар Истамбылщ, Iэюб СулътIан кхъым щыщIалъхьащ.

Хъайрэддин-пэщэ ЩIэнджъэмрэ зыбжанзэрэ щIыхь зыхуфащэ щIалэ щIыхьым и гурыщIэ-гурыщIэхэр сыт хуэдэ?

- Ди адэжь-анэжьхэм дысабийуэ къуэдыщ дыщIагъэдэIуащ Хэкум, абы щыIэ дунейр зыхуэдэм теухуауэ. ЩIэ дыдэ адэжь щыIнатIэм сыкъыщыщыгъэзэхыжкIэ сльэгъуар си нэгу къыщIэзэгъэхьэм куэд дыдэкIэ ефIэкIт. Абдежырщ сэ къыщыгъуэ. Iуар ди нэхъыжьхъэм жэщи махуэм Хэкур я жьэ щIыжьхэдмыкIам и щхьэусыгъуэр, абыхэм яфIэкIуэдар нэсу щызэхэсщIар. Хэкур зымыIтащ1ыу абы и хъыбарым щIапIыкIа щIихуэм ар щIегъуэжащ. ГъуэтжкIэ иIэ гурыщIэр псалъэкIэ къыпхуэIуэтэнукъым, ар зымыгъэнэжами абы и Iофагъэр пхузыхегъэщIнукъым.

Сыкъэнэным нэхъ сытезыгъэгушхуар мыбы щыпсэу цIыхухэр. Дызэримыгугъуэ, я пэу дыкIыщIуам ахэр гуапэу, дахэу, цIыхугъэ яхэтIу къытIныкъуэкIащ. ИкIи нэхъ гъунэгъуэ дызэрыщIыхуа, си благъэкъэ къэз гъуэтыжа нэужь, си лъэпкъэгъуэм сахэсу, си Хэку Iуэху щысщIэнэ нэхъ игъэуу кьэслъыгъэри, кьыхсуэнэжа гъащIэр мыбы щесхьэкIыну сэр-сэру унафэ зыхуэсщIыжащ.

- Дуней псом щиикъухьа адыгэхэр зэрыгъэкъуэтыжыным, ахэр я щIынатIэм къещIэлIэжа зэрыхуэным теухуауэ сыт жыпIэн?

- IыхэкIыр зэрыбгъэгъэтыжыным нобэкIэ, пажым хууейм, тыншыкъым. Ауэ ар уи щхьэусыгъуэу и Iуэху зымыхуэу къэбгъаним хъунукъым. Лъэпкъыр зэрыдгъэгъуэтыжым щхьэкIэ, хэкурысхэмэ хэхэсхэми лэжьыгъэ Iэджэ къытпэщылъщ. ЩIхьэж и пщэ кьыдэхуэ кьалэныр тэмэму игъэзащIэмэ, зэрыщыгугъыр зауэлIут - Уэсэмэн империем и лъэпкъыгъуэтэ, ар кьызэрыгъэтрагъэувыIэн дзэ хуэныкъуэт зыхэсхэр щызекIуэ хабзэхэмрэ унафэхэмрэ я Iэмыщ1э зралъхьэн хуейуэ арат, игIаи зэрыдыдгъэр зыщагъэтущащIыкъым, я лIыгъэкIи я зэфIэкIкIи кьаехэр зэпытащ зыхэс лъэпкъхэм, абыхэм кьахэкIащ дзэпщ, лIыщхьэ щIэрыIуэ куэд.

Хэхэс адыгэхэм я бжьгъэр мелуанитхум нобгалагъ нобэ, нэхъыбэр зэрысыр Тыркыращ. Адыгэ куэд щопсэу Сириеми, Иорданиеми, Германиеми, Израилми, нэгъэщIкъаралхэми.

Тыркум Iэпхъуа адыгэм бзылъхъ куэд зэращэчам тхыдэр щыхьэт тохьуэ. Хым хэкIуэдамрэ ху Iуфэм Iуйлъхьамрэ я бжьигэр зыми ищIэркъым. Псэууэ кьэнам тырку лIыщхьэхэр кьазэман куэд дэмыкIыу къэзыгъэзэжыр нэхъыбэ хъунущ. Абы щхьэкIэ а къэкIуэжхэр гъжьыщIэкIэ, псэупIэкIэ кьызэгъэпэщын хуейщ. Iуэху кьыхэзрымыкIуэу кьелъагъэ документ куэд гъжьэзырыр зэрыуейм. Мис абыхэм пIэныкъуэтIри дыхуэхьэзырыкъым. Пэжщ, ахэр зы махуэ махуиткIэ зэфIэхьын Iуэкъуакъым. Аущ дымыгъэгъуэу ар зэфIэхьынымрэ нужь дихьэн хуейуэ собж. Иджыпсту абдежым нэхъ тыншу щыпсэуэ кьащхьэкъ. Ахэр кьыщIемыжьэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр зыгуэрурэ зэтедубла псэуКIэр къэдгъанэрэ утыку дыкъинэмэ, жаIэри аращ. Я анэдэлъхубзэм и гугъу пщIымэ, арп хуэм-хуэмурэ яIэщIоку кIи ящымыбгъупщэжьынымкIэ хэкIупIэуэр щыIэкъым. 1960 гъэхэм къэхуахэм я нэхъыбэм кьаIэр псэупIэ яхуэхъуащи, закъуэтIакъуэжэщ зи бзэр зыщIэу яхэтыр. Аращи, абыхэм я щIэблэм кьызытехуэкIаIэхэр зэрыдадыгэр ящIэу, ауэ я анэдэлъхубзэмэ я хабзэмэ зыри хамыщIыкIыну къэнэнущ. Хамэ къэралращ щыпсэу ди къуэшхэм, ди щыпхъуэхэм я жьеcIэр зыщ: зывмыгъэгувэу фыкъэкIуэж, фи лъапсэр кьыщежьэ щыпнатIэр нэхъ щIэж зэвгъэгъэтыжкмэ, нэхъ псынщIэуи фахэзэгъэжынщ, нэхъыбэрэ учэнджэщхуэкIэ Iуэхумри тегушхуэ. Iуэхуу зэманри ящIэнущ. КIуэ пэтыхуэкIэ республикэри ящфIакIуэ, мыхьыми зы ильэсым унагъуэ щэ ныкъуэ хуэдэ къыитхуэщIэжтэмэ, абыхэм я Iыхьлы-благъэжэр кьаIэлъыкIуэурэ нэхъ псынщIэу зэрыгъуэтыжынут. Хэку лъагъунитэ яIэмэ, псори яхуэзэфIэкIынущ.

- Нэхъмэ, фи Iуэхущапlэм и фIыгъэкIэ куэдым дэжьапlэ ягъуэтащ. Сытым тет фи Iуэхухэр?

- Кьэбэрдеим сыкъэкIуэжа нужь, зэуэ щIэздзащ си лэжьыгъэр зэтезублэным. Хамэ къэралкъэ кьитш Iэмэпсымэхэр кьэдгъэсебэпурэ республикэм и кьалэ, кьуажэ хэм Iуэхущапlэ щхьэхуэжэр кьыщызэпэщащ. Иджыпсту а дэ тхуэзэфIэкIам и фIыгъэкIэ республикэм щыпсэу цIыху минитIым лэжьыгъэ Iэнатlэ яIэщ. Хэкурысхэм я мэщIкIэ абыхэм яхэтщ Тыркум, Сириеми, Иорданиеми кьыкIыхаэри. Сэ сызэрепльымкIэ, дгъэтажьэхэмрэ дэрэ дыдэ зэхуэзарэзыуэ ди Iуэхур йоплъэкI.

- Нэхъмэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм уэхтщ. Абы и лэжьыгъэм теухуауэ сыт къыджепIэн?

- Iыхьпкъым и кьэкIуэнур езыгъэзэфIкIуэн лэжьыгъэ куэд иретгъэжIуэкI Хасэм. Си щхьэкIэ абы и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд сохуэупсэ. Сыщlехьуапсэр жэщ-махуэ жимыIуэ, семызэшIыжу Iуэхум зэрыпэрытырыц. Мыбы щыпсэуэхэм я мызакъуэу, Тыркиеми, Сириеми, Иорданиеми, Америкэми, нэгъэущ кьэрагъэмэ щыIэ хэхэс адыгэхэм я Iуэху зыIутым щыгъэзэщ. Сэ Iэджэрэ абы и гъуэсэу гъэгу сытехащи, ди лъэпкъэгъу куэдым ар фIыуэ кьыкIуэращIыкъу, и Iуэхущафэхэм щыгъуазэу, чэнджэщкIэ зыкъхьухагъаззэу зэрыщIытыр слъэгъуащ. Абы удэлэжьыныр куэд и уасэщ. ЗэфIигъэкI IуэхуэхмкIэ абы щыпсэущхьэрыкъым. Псалъэм папщIэ, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ яку дэлъ хъуа зэпыщIэныгъэм Мухьэмэд и фIыгъэшхуэ хэльщ. Тхьэм куэдрэ узынщIэу адэкIэ и лэжьыгъэм пэригъэт.

- «Псапэ пщIэну зэн кIасэкъым». - жIащ пасэрейм. Апхуэдэ Iуэхуэхэм жыджэру уэзрыхэтым дыщыгъуаззщ.

- Ди Iэ къыщыпекIуэкIым дыдэIэпыкъуну дыхущIокъу. Пэ жьм ухуеймэ, нэхъыбэкIи псапащIэ Iуэхуэхэм дыхэтын хуейщ. Мыбдежьэ ди епхуэдэ кIэр къэзгъэпэгъэунут: къэралым налог щетткIэ дэхуэха щымыIуэ абыкIэ псори зэхуэдэу игъэпсэунри и кьалэну кьызэлъытIэ. Ауэ нобэ апхуэдэ уэхуэкIэм дыщыхъуэмыкIуэфкIэ, зыхъуэгфэкI дэтхэнэми Iэмал имыIуэ тхьэмыщкIэм зыгуэркIэ зыщIигъэкъуэн хуейщ.

- Хэкур псэупIэ зыщIыжыну къекIуэлIэжхэм я Iуэхур дэкIынымкIэ куэдым уадэIэпыкъуащ.

Ди псэлъэгъуэр

СЭБАНШЫ Нэзми: "Уи Хэкум уисыжмэщ лъэщ ущыхъунур"

НакъыщIэм и 21-р илъэсищкIэ екIуэкIа Кавказ зауэр щиуха махуэщ. Дауэ ар дигу кьэдгъэкIыжьын зэрыхуейр? Сыт хуэдэу дыззреплъыхьэр ди лъэпкъым и тхыдэм щыщ а Iуэху гуэзвэгъуэм? Абыхэм теухуауэ дэ депсэлъащ КъБКъУ-м политологиемкIэ и кафедрэм и доцент, социологие кьэхуэтэныгъэхэмкIэ лабораторэм щIэныгъэ IуэхуэхэмкIэ и унафащI, Къэбэрдей лъэпкъ Конгрессым и президент ЩIэныбэ Юрэ.

- Адыгэхэм езыхэм яхуэфащэ увыпIэ дунейпсо утыкум щэбыдыныр я къэпэщ. Дэтхэнэ лъэпкъми и кьыхьэнэр абы и гумрэ и псэмрэ я къаурм хуэдизщ. ИкIи лъэпкъым зыхуигъэувыж мурадхэр кьэкIуэнум щымызэгъыми и деж а мурадхэр ГъэзэщIэным зыри кърикIуэнукъым, апхуэдэ лъэпкъыми тхыдэм гъэзгу щигъэзэну щIыщыгугъуэм щыIэкъым.

Сыт дэ ди бынхэм, къэкIуэну щIэбгъэхэм кьахуэдгъэпсыдунур? Ахэр адыгэу кьиззтенэным иджыпсту щыщIэдзауэ зыгуэр хэтщIыхьыфыну пIэрэ? Абы папщIэ дэ лъэпкъыу дыззэрыщыгыр иджыпсту щыщIэдзауэ зыхэтщIэн хуейщ. Япэхэм, иплъэсищ зауэр дигу кьыщыдгъэкIыжкIэ, ди цIыхухэр зэкъуэдгъэувэн папщIэ дызэхьыхьэу щытамэ, иджы пэкIухэм я зэманыр икIащ. Ди Iуэхуэхэр тIэтын папщIэ, иджы нэхъ кьеззэгъыу Iэмал куэд щыIэщ. Абыхэм ящыщщ хэкIуэдахэм я фэеплъым уэ гъэгъахэр телъхьэнэр, щIэныгъэ конференцхэр, республикэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт зэIущIэхэр зэхэшэныр, телевиденэр, радиор щIэгъэкъуэн къэщIынур. БлэкIар дигу зэрильым кьыдэкIыу, ди ди кьалэнщ лъэпкъым кьыпэщыт зи чэзу Iуэхуэхэр дэдгъэкIыну, ди нобэм фIыкIэ зедгъэхъуэжыну, тегушхуэуэ япэкIэ дыкIуэтэну.

Епсэлъар
щIхьэщэмыщI Изэщ.

ТХЬЭГЪЭГСЭУ Уэрэд

Жыгыжьым и пIэ...

Иращыкlащ, ягъэсыжащ жыг-дадэр,
Хьуащ фаджэ дунеишхуэм и жыг хадэр.
Ауэ псэ хэтщ абы кьыщIэна лъабжьэм,
... Ар дауэ хуэхьумауэ пIэрэ яжьэм?!

А лъабжьэм кьыдожьыс чыгыпIэ цIыкIухэр,
Сабийуэ дыгъэ бзийхэм ядэжьгуэхэр,
Зы напIэм кьыхэкIами, зыпкъ ямыIэ,
Лъабжьэжьыр а гукъеуэм егъэгуIэ.

А цIыкIухэр махэщ, сабий зекIуагъащIэу,
Жыг кьепщэмэ, екъуэжь хэм зыгтрагащIэу.
ИтIанэ ахэм хэтт кьыщохьыжыр
Езыр арааУ лъабжьэр щIэмыгъужыр.

А лъабжьэрами кьэзылъхуар езыхэр,
Я фIэщу жаIэу, кьэкъу щытхъэусых э,
Лъабжьэжьыр Iупльэгъуейрэ кIуэбзэбжабзу,
Кьыщетlысхэну жым зэрихьэр сабзу.

Нэхъ ин хьухун, чы лантIэ зэблэкIыкIэр
КьафIэмыIуэхуу лъабжьэм токIуэтыкIэ,
Иджыри игъущ ахэр зэппихьыну,
Зыпкъ хьужьи папщIэ, зэ хэбгъэкIэжьну.

Ауэ а Iуэхум хэт пэщIэтыфыну,
КьэжIуэнум щхьэгъэхьэ зыхуэщIыфыну?
Ики жыг уардэр кьэкIыжьыным папщIэ,
Кьарууэ, лIыгъэу текIуэдэнур дапщэ?

Лъэужь кьудей кьамыгъэнэн я гугъэ у,
Иращыкlами ныбжьыфэ жыг-дадэр,
ЯщIами фаджэ гъащIэм и жыг хадэр,
Согугъэ кьэжIыжьну зы жыг уардэ.

А щIыпIэ дыдэм, ягъэм хуэдэу гъагъэу,
Кьудамэр Хы толькъунхэм кьадигъафэу,
Гуамыщlыкlыфу, псыми щIимыльафэу,
И жьауэр эи гур кьабгъэм и псэупIэу,
И щхьэжIэр мэлыьчхъэм я тIысыпIэу,
Зы хьужа пкьышхуэм гъащIэр кьыщыкIыу алъэу,
КьыщхьэщыгъуэкIри нартхэм я пшынальэу...

Тхьэм чыхэр жыгыпкъ лъэщу кьигъэкIыж,
Эжьуэмычыжу, ямыщIыж у чыш!..

ТхылъэщIэ

"Адыгэбзэ зыдогъащIэ"

Хъуажь Фахърий итхауэ, Анкара иджыблагъэ тхылъ гъэнIэгъуэн кьыщыдэкIащ, «Адыгэбзэ зыдогъащIэ» - аращ абы зэреджэр.

Тхылъыр зи Iэдакъэ кьыщIэкIам зэрилъытэмкIэ, ар нэхъ кьызыхуэщхьэпэнчр адыгэбзэ зэзыгъащIэнуэрщ, абыкIэ тхэф, еджэф хъуну зи нэ кьикIхэрщ, псом япэраеу, щхьэусыгъуэ гуэркъэм кьыхэкIыуэр, зи анэдэлъхубзэр зыIащIэхуа щIэблэрщ. Хьэрфхэр зэрыуигъэщIыхум, абыхэм я тхыкIэм Iэрыхуэу уэрыхуэущIым нэмыщI, Хъуажь Фахърий и тхылъым щIорохьэлIэ анэдэлъхубзэр зэзыгъащIэжкъэм яIэ дыдэ зыIууэ псалъэхэм - ахэр тхылъым итщ адыгэбзэкIи (кьэбэрдеибзэкIи адыгеибзэкIи) тыркубзэкIи, суреязэри дзыщIыгъуажьэ. А псалъэхэр зэбгъащIэурэ тхылъым и кIэм ущынэсам деж, адыгэбзэм урипсэлъэф, уритхэф, абыкIэ тхам укъеджэф зэрыхъуным щэч кьытрихьэркъым Хъуажь Фахърий.

Хъуажь Фахърий Тыркум щыпсэу адыгэ щIэныгъэлIу, абы щызэхэт адыгэ хасэхэм ирагъэкIуэкI лжьыгъэ щхьэпэхэм я зэхэублакIуэхэм, я унэтIакIуэхэм щыщщ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Ди нобэм зегъэхъуэжын, тегушхуауэ япэкIэ плъэн

НакъыщIэм и 21-р илъэсищкIэ екIуэкIа Кавказ зауэр щиуха махуэщ. Дауэ ар дигу кьэдгъэкIыжьын зэрыхуейр? Сыт хуэдэу дыззреплъыхьэр ди лъэпкъым и тхыдэм щыщ а Iуэху гуэзвэгъуэм? Абыхэм теухуауэ дэ депсэлъащ КъБКъУ-м политологиемкIэ и кафедрэм и доцент, социологие кьэхуэтэныгъэхэмкIэ лабораторэм щIэныгъэ IуэхуэхэмкIэ и унафащI, Къэбэрдей лъэпкъ Конгрессым и президент ЩIэныбэ Юрэ.

- Адыгэхэм езыхэм яхуэфащэ увыпIэ дунейпсо утыкум щэбыдыныр я къэпэщ. Дэтхэнэ лъэпкъми и кьыхьэнэр абы и гумрэ и псэмрэ я къаурм хуэдизщ. ИкIи лъэпкъым зыхуигъэувыж мурадхэр кьэкIуэнум щымызэгъыми и деж а мурадхэр ГъэзэщIэным зыри кърикIуэнукъым, апхуэдэ лъэпкъыми тхыдэм гъэзгу щигъэзэну щIыщыгугъуэм щыIэкъым.

Сыт дэ ди бынхэм, къэкIуэну щIэбгъэхэм кьахуэдгъэпсыдунур? Ахэр адыгэу кьиззтенэным иджыпсту щыщIэдзауэ зыгуэр хэтщIыхьыфыну пIэрэ? Абы папщIэ дэ лъэпкъыу дыззэрыщыгыр иджыпсту щыщIэдзауэ зыхэтщIэн хуейщ. Япэхэм, иплъэсищ зауэр дигу кьыщыдгъэкIыжкIэ, ди цIыхухэр зэкъуэдгъэувэн папщIэ дызэхьыхьэу щытамэ, иджы пэкIухэм я зэманыр икIащ. Ди Iуэхуэхэр тIэтын папщIэ, иджы нэхъ кьеззэгъыу Iэмал куэд щыIэщ. Абыхэм ящыщщ хэкIуэдахэм я фэеплъым уэ гъэгъахэр телъхьэнэр, щIэныгъэ конференцхэр, республикэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт зэIущIэхэр зэхэшэныр, телевиденэр, радиор щIэгъэкъуэн къэщIынур. БлэкIар дигу зэрильым кьыдэкIыу, ди ди кьалэнщ лъэпкъым кьыпэщыт зи чэзу Iуэхуэхэр зэдгъэкIыну, ди нобэм фIыкIэ зедгъэхъуэжыну, тегушхуэуэ япэкIэ дыкIуэтэну.

Ди Республикэ

Лъахэм пэIэщIэми

XIX лIэщIыгъуэм хэкур зрагъэбгына адыгэ минищ зыбжанэм хамэ щIыналъэхэр псэупIэ зэрахуэхьуам псори щыгъуазэщ. Хэхэс псэукIэм еувлIэн хуей хуэдизуэ ахэр, сыту жыпIэмэ я лъахэм кьагъэзэжьыным щыгуфIыжькъым, апхуэдэ Iэмал ящIакъым. Кьахуэжьжар зэрыс къралхэм щызекIуэ хабзэхэмрэ унафэхэмрэ я Iэмыщ1э зралъхьэн хуейуэ арат, игIаи зэрыдыдгъэр щыщагъэтущащIыкъым, я лIыгъэкIи я зэфIэкIкIи кьаехэр зэпытащ зыхэс лъэпкъхэм, абыхэм кьахэкIащ дзэпщ, лIыщхьэ щIэрыIуэ куэд.

Хэхэс адыгэхэм я бжьгъэр мелуанитхум нобгалагъ нобэ, нэхъыбэр зэрысыр Тыркыращ. Адыгэ куэд щопсэу Сириеми, Иорданиеми, Германиеми, Израилми, нэгъэщIкъаралхэми.

Тыркум Iэпхъуа адыгэм бзылъхъ куэд зэращэчам тхыдэр щыхьэт тохьуэ. Хым хэкIуэдамрэ ху Iуфэм Iуйлъхьамрэ я бжьигэр зыми ищIэркъым. Псэууэ кьэнам тырку лIыщхьэхэр кьазэрэхэлъым, зэрыщIыху пэжым, зыбгъэдэт Iэнатlэм зэрыщIэхьэрыуэтрагъэувыIэн дзэ хуэныкъуэкIэ, адыгэхэм я пщIэр щылъагэ зэпытащ Тыркуми нэгъэущ къэралхэми.

Тыркур империалист зауэм хэхуа нэужь, абы и щIыналъэр зэрыщIыхьащ Тыркумрэ Сириемрэ я бзылъхъэ, дипломатхэм хэлъыфIыхьащ Тыркумрэ Урысеймрэ благъэ зэхуэхьыным, экономикэ и лъэныкъуэкIэ къэралитIым зэхуаIэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным.

1920 гъэм и щIэм Тыркуи Сириеми я щIэблэ щIыналъэ щIыналъэ дипломатхэм я нэхъыбэр адыгэт: ЛIыкIуэм и чэнджэщэгъэр Джарым ФуIэдт, ящэ секретарыр Азиз Мекерт, секретарыр - Зекий Бей, финансыр Iуэхуэхэр зезыхьэр - Тахъсин Рушдий. Дипломат Iэнатlэм бгъэдкIыжа нэужь, ФуIэдпэщэ министр кьулыкъыр зэрихьащ, Тыркуи Республикэм и парламентым (медджлисым) и тхьэмадэуи щытащ. Джарым ФуIэди кьулыкъушхуэхэр зэрихьащ, ар щапсыгъэ ушагъуэм кьыщыдгъэлъхуащ, и адэм, сультIан Абдул-Хьэмид ныкъуэкъуэгъэ кьыхуэхуэрри, кьэралыр ибгынэн хуей Хьэлэб кьалэм щыпсэуащ, аращ ФуIэд пэщэ кьызыщыхьуар. ФуIэд пэщэ щIыналъэ щIыналъэ бзэ зыбжанэ ящIэу щытащ, дипломат лъжьыгъэ ирагъэщIэу Москва ильэсищкIэ дэсащ, нужькIэ министр Iэнатlэм бгъэдкIыжа нэужь, консул кьалэнхэр Мадрид, Копенгаген, Рим, Джиддэ кьалэхэм щигъэзэщIащ. Кьулыкъым кьыхэкIыжа нэужь, «ЦIыку цIыхухэр» газетыр кьхьарагъэзэ ящIащ. Ар Совет правительствэм и Iэтащхьэ Iенным зыбжанэрэ хуэзащ, Сталиним псэлъэгъуэхуэхуащ, кавказ лъэпкъхэм, псалъэм папщIэ, адыгэхэм, я Iуэху зэрыхьунум теухуауэ. Тыркум игъэзэжа нэужьи, адыгэ Iуэхуэхэм жыджэру хэтащ Азиз Мекербей, абыхэм я псэукIэм, зыIут Iэнатlэм щыгъуэ щIэныгъэлIхэм я Iуэхуэхэм я бжьгъэмрэ, Тыркуми нэгъэущ къэралхэми щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм адэжь щыIналъэм кьыхуаIэ лъагъунигъэр зымащIэкIи ужьыхьакъым.

БЕСЛЪЭНЕЙ Аскэр.
Мейкьуапэ къалэ.

ЧУРЕЙ Алий:

Хэкум сыкъыщыкIуэжкIэ

си гум хэхъуэр зыхуэдэр дауэ къыбгурыгъэIуэн?!

Истамбыл щыпсэу ди лъэпкъэгъу, ЩэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер хэт Чурей Алий и IуэхущIафэмкIэ, и зэфэ-кIыныкIэ, абы теухуа тхыгъэхэмкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм хуэдэ щIауэ яцIыху.

Алий хъыдэтхэр, жеIуакIуэ, адыгэхэм ящыщу щIэныгъэ лъабжьэ иIэу хьэтIэхэм япэу ятетхыхьар араща.

И зэманрэ и Iуэхуэкъ къыщIэрихьыкIуэ Хэку Алий щIэх-щIэхъуэр Хэкужьым къокIуэжь. Адыгэуэгу нджыблагъэ къыщIэреблэгъэжар къздгъэсэбэпри, абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Алий, уэ Тырку къэралым и дзэ къулыкъым илъэс куэдкIэ уэхтащ, уи Iэщагъэкъ зэхьидгъэкъым, хьэтIэхэм я тхыдэр бдзэжьым, абы и щэхуэхэр къэпгъэщIынымэ сыт хуэузыщар?

- 1961 гъэм, дзэ къулыкъым щыхурагъаджэу Къарс лъэныкъуэкIэ щыIэ курат еджапIэм сыщIэсу, абы и библиотекэр щIэспщIыкIыу, зы тхылъ гъэщIэгъуэн къыслIэщIыхьат. Азиз щIыкIым щызекIуэу щыта бзаохэм я филологием теуха а тхылъыр и IэдакъэщIэкIт Уэсмэн империем и зэманыгъэм щыIа тхакIуэ щIэрыIуэ гъэрым. Абы седжэну пэщIэдзэ напэкIуэцIхэр кьыдзэIуха къудейуэ къэслъагъуащ амазонкэхэм яIуэуха тхыгъэр, «пасэрей кавказыбзэжьхьэм кьыздрыгъэщIыкIмкIэ жэщIкIэрэ уафэм кьнуэз нэхутхэм -маэжкIэ» едэжьт. Амазонкэхэм я цIэм лъаб жьэ хуэхъуар аращ- жиIэу кьыхуэщу. Тельыджэ сщыхъуат ди адыгэбзэкIэ нобэми жьыпIэ «маэзпсалъэр пасэрей бзэжь щымыIэж гъэру кьыздрагъытар.

Абы нужькIэ а тхылъыр нэгъуэщI зыбжанэ ерыщу щIэзджьыкIащ, пасэрей альджхэм я тхылъэм сынэсащ. СеджажкIи, гупсысэ гъэрэр си щхьэм кьеныкъуэкъурт, сыкьыщэджэм адыгэбзэм щыщ куэд дыдэ зэрыхэхтэр бедзжьыпы кьыслщIыху. Псалъэм папщIэ, Олимп бгыкьым тетэжи, Зевсрэ абы и тхьакъуэдзэкэмрэ. Зы IуащIкъэм тесыгъ адрейм едэжэрэ, уэрэд зэкъажьэрт, жи. Ар дауэ умыгъэщIэгъуэнрэ?! Хорэд- псалъэм и кьежьапIэр кьэслыхуэщ, нэгъуэщIхэм я гъэгъун сыстехьащ, ауэрэ си кьэхутэныгъэхэмкIэ япэ тхылтыр 1989 гъэм кьызджIащ.

Апхуэдизрэ хьэттхэм я тхыдэр кьэтIэщIыным сыхилъсащ, зым нэхърэ кьыкIэльыкIуэр нэхъ гъащIэгъуэн кьыслщихьу. Абыхъэм ятеухуэну хьэитхари, дэнэ дэж кьыщыдэкIари машIэти куэдти, пэнти нэпIэти жьымыIэу зэхэзохьэри, абы «кьыхьошыпшыIыжьадыгэбзэр и лъабжьэу и лъэпкъым и тхыдэм епха «хьэдэхэр». Дзэ къулыкъым сыкьыззрыхэкIыжрэ илъэс 24-рэ мэхьури, абы лъандзрэ мы Iуэхуэм ихьыкIыуэ сохэжь.

ИкIи сыкъуеджакъым, абы зыдэтлъагъэжьу щIыщымытыр.

- Алий, щIэ-щхьэцуэр Хэкум укъэкIуэжьыну Iэмал уиIэщ, уи нэIуасэхэмрэ уи пщIэ жьыгъэмрэ хэкIыпIэ зэпытщ. Адыгэ псалъэм и Iэмалыр къэбгъэсэбэпу хэкурыс адыгэхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт?

- Лъэхэр зыхъумащIэ дэ мыбы дыкьыщыкIуэжкIэ дыкьыздыхуэкIуэри, фэрыщIагъ лъэпкъ кэмыльу, хэкурысым щIыхь яхузощI. Дэ дыкьэкIуэжыщ, адыгэбзэкIэ тету дыпсэльэну Iэмал кьыздэзытыр фэращи, Тхьэм фигъэпсэу вжьдоIэ. Армыхъэмэ, сэ ди Хэкур ефкIэуэн папщIэ зыгуэрн хэсэльхьакIэ икIи хэсакъым, лъахэми абы щыпсэу щIыхуэхэми зыри яхуэсщIакъым. Утепсэлъыхьын, зыгуэркIэ зыхуэфащэзэн, акъыл ептын щхьэкIэ, уи Iуэ хуэпльхауэ, уи пщIэнтIэпс хэткIуэуэ щытыпхъэщ. Хэкур мыпхуэдизу зэрыщыстымкIи си фIыщIэ зэрыхэмыльым хуэдэу, си кьуаншагъэ хэлъкъым. Абы кьыхэхIыжу хэкурысу си лъэпкъэгъу псоми фIыщIэшхэу зэрахуэсщIым фIэкIа нэгъуэщI жьеcIэн сиIэкъым. Ауэ, Хэкум кьэкIуэжьмэ, лъагъунэлъагъу кьэкIуэн мурад зиIэу зи гупэр мыбыкIэ кьэзыгъаэз хэхэс адыгэ хэм сащыхуэзэкIэ зэрымыуэу яжьыбгэ. Ауэ, Хэкум кьэкIуэжьмэ, лъагъунэлъагъу кьэкIуэн мурад зиIэу зи гупэр мыбыкIэ кьэзыгъаэз хэхэс адыгэ хэм сащыхуэзэкIэ зэрымыуэу яжьыбгэ. «Фэ фи Хэкужь фоIуэк: ахэр вгъэсэжьыну, хабзэ зэ яхуэфхьыну, сисчэмэ вгъэпсэлъэну фыхэмыт. Адыгэу фыкIыдзэрыгэнэм, фызэрыкъэмыкIуэдэжьыним, фи Хэкур зэрыыгъэдзэнэм, щызекIуэ хабзэр зэрадгъэштэнм ящжь фыIут».

Удз гъэгъар еэым и щIыпIэ исыжмэщ щыдазэр, ар бгъэIэпхъэну ухуэжьмэ, пфкIыуэдынущ, сыт хуэдэу ухуэмысакъми гъащIэм. ФыдипIэтIэу, адыгэр дымыкIыуэдынымкIэ шэсыпIэу дызыщыгугъыр фэращ, лъэпкъым и «гъэгъарщыпсэуфынмр ХэкурацIи.

Нобэ Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэ хэм я тхьамадэхэм сащыIущIэкIэ араща псалъэмакъыу есщIыпIэр зытеухуар: -Хэкум и IуэхуэкIэ сыт уи мурад, сыт пхуэфIэкIри, сыт уи гукъэкъэ? Адыгэу уихьэпэн уи щIасэмэ, уи лъэпкъ щэнхабзэр бгъэпсэун уи мурадмэ, абы и щIыпIэр Хэкурацу! УмыкIуэжьыфмэ, кIуэжьхэм пэрыуагъу уахуэмыкIу».

ПсалъэкIэ Iуэху зэрыдэмыкIынур псоми дощI. Мы Iуэхум хы Iуфэм убгуу, жьэуапIэрэ псы щIыпIэрэ уиIэу утепсэлъхьыну тыншщ, ауэ «мыкъм и щIагъым уи Iэр щIэпIлъхьэ уещIу». Е кIуэжьхэм уадэIэпкъун, е уи гнагъуэм щыщ цыхуу бгъэкIуэну Хэкум упльэщIу, абы уахьшэ «тъмжьэ» теплъхьэн хуейщ. Тыншкъым я жьыбэ хэр зэфбгъэхIыжьну, экономикэ жьыпIэми, цыхуэ зэса хуитныгъэхэмрэ тыншыпIэхэмрэ жьыпIэми, нэгъуэщI куэдм кьэпльэтэн хуей мэхъу, ауэ, хуейуэ щытмэ, цыхуэм хуэзфIэмыкIын зэрыщымыIэри гъэнэхуэжькIэ.

(КIуэхыр 4-нэ нап.).

Тыркум укъизыщыж гъуэгумрэ хъуэпсапIэхэмрэ

Мы ди тхыгъэр зытедухуэну мурад тщIар Тыркум кьыщалъхуа, абы кьыщыхъуа, атIэми зи кьуэпсэр зымыгъэкIуэдыжу и адэшхуэхэр щыпсэуа Iалъхэм къэзыгъэзэжауэ илъэситху лъандзэр Нашык кьалэр ди псэупIэ Кьэрашей Сэбэхьэтдинц. Ар лжьыбгъэм щIапIыкIа цIыхуу: балигъпIэ зэриувэрэ зы махуи и гъащIэм кьыхэхуауэ ищIэжьркъым ар Iэнатlэ щыIумыта.

- Ауэ, дауэ мыхъуами, кьэралым зы махуэ сыкуэлажьакъым, - зыкъэмысыж Сэбэхьэтдин. - Сэ сыщIгуэазэт егъэджакIуэхэм кьаХь улахуэр зэрымащIэ дыдэм, си адар илъэс 40-кIэ егъэджакIуэу щытат. А щапхъэр срикъуащ кьэралым щIэныгъэ Iуэхущапсэ кьыщыву уней еджапIэхэм сыщылэжьэнымкIэ. Дунейпсо литературэмкIэ езгъэджащ, тIэкIу сызыщытхъэжьнщи, кьэшащIи кьэсхьу.

Сабэхьэтдин лъэпкъкIэ Тэрч районым кьыхьэ Акъбащ Илщэ (Астемырей) кьуажэм щыщщ. Хамэ щIыпIэ кьыщыкъуами, и кьуэпсыр игъэтъуащакъым, мыбыкIэ щIэ и унэкъуащхэр щэкIэ ищIыхурт, щыпсэухэр ищIэрт. Ялэ дыдэу ар Хэкужьым кьихьэжащ 1993 гъэм. Дунейпсо Адыгэ Хасэм иКонгресс Мейкъуацэ щекIуэжьым Кьайсэр Адыгэ Хасэм и лыкIуэу абыхэр Шыбзыхуэхэ я si щIалэрэ кьэкIуат.

- Пажьр жьасIэнщи, гуращэ нэхъыщIыху дИзр Конгрессым и лжьыбгъэм дыхэтыным и закъуэтэкъым, атIэ Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыдгъэкIыжкIуэу ди цIыхугъэхэр тIыгъэльнр, благъэхэр кьэдгъэтыжьынир арати, ари зэдгъэхуэлIат, - игу кьежьэжьыкIэ Кьэрашейм. - Абы щыгъуэщ си щхьэгъэсэрэ щIыззэгъэщIыхуар.

Сэбэхьэтдин и унагъуэр

Сэбэхьэтдин унагъуэ дахэ иIэщ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым 1993 гъэм зыкъэзрыкIуар махуэ хэхъуат жьыпIэ хъуну. Абы щыгъуэм ирагъэщIуэуа цIыхубзыр, Шэджэм щыщ Роэз и щхьэгъусэщ, илъэс 13 хъууэ хъыджэбэ щыкIу - Лариса - яIэщ.

- Си гум бынеи исгъэкъуэ сыкьекIуэкIырт пенсэм сызэрыкIуэу Кьэбэрдей-Балъкъэрым сыкъэклуэжьну, - кьыхьелъщ си псэпIэгъуэм. - 2002 гъэм щыIэ зыгъэпсыхъуэщ, илъэс кьыкIалъхьуэм Сэбэнашы Нэзми зи тхьамадэ Iуэхущапсэхэм ящыщ зым, картон щащI «Восход-Ас фирмэм и унафэщIу сигъуэвауэ солажь. КьызэхьэлъэкIыр урысыбзэрщи, абыкIэ си пхъур кьыздоIэпыкIу. Ар еджэным дэгъэу хэзэгъащ, урысыбзэр псынщIэу кьыщтащ.

Гукъеуэхэр

- Нэгьабэ жэпуэгъуэ маэзм кьэхъуа щIэпхъажагъэм и гугъу умыщIмэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрыр мамыр щынагъыщ, - жеIэ Сэбэхьэтдин. - Ауэ си жагъуэ дыдэ хъууэ мыбы щысIалъэрур лэжьапIэнщагъэрц. А кьэхъуа насыпныщагъэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэрэ аращ, щIагъуэлэм я щхьэр зэрахьэу уэрамым зэрыдэтырщ.

ХэкIыпIэ нэхъыщхьэу Сэбэхьэтдин кьиупытар хамэ кэрахьлэм я Iуэхущапсэ пашэхэр республикэм кьеГъэблагъэныбрэ, зэгурыIуэныгъэ ещIыпIэныырщ. КьызэрыгурыкI щIыхь щхьэхуэхэм я псалъэм Сэбэхьэтдин зи гугъу ищIыр, атIэ хэрал кьулыкъуэхэм я щIэныгъэ щыщ и адыгэхэр мыбы къэкIуэжьным тезыгъэгушхэзнур зэпкъыгъэрщ, пщыдейрей махуэмкIэ я щхьэ зэтелъу Кьэбэрдей-Балъкъэрым кьиикъэжьын хуэдизу.

Щыпитlыбмрэ пъэпкъэмрэ зэпltытымэ…

Дэ тлъэкIакъым Тыркум щыIэ псэуклэмрэ ди лъаехэм щиплъагъумрэ, хамэ къэралым и цIыхуэхэмрэ ящIу зэрыщIэщыгъуэ, псом хуэмыдэу я хъуэпсапIэщ Кьэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Кьэрэшей-Шэрджэс, Абхъаз республикэхэм концерт щатыну.

Ансамблым и кьыхэгъэпэщакIуэхэм я Iуэхур зэрырагъэфIэкIуэным, я кьэкIуэнтIэ нэхьыбэм я деж зэрынахьсынум ящхьэ итщ. Адыгэ, абхъаз уэрэдр 26-рэ тету абхъаз диск кьыдагъэкIащ, апхуэдизи уэрэдым и псалъэхэмрэ нотэхэмрэ иту тхылъ дунейм кьытехьащ.

- Апхуэдизу цIыху зэуэ зи концертым кьезыщIэIофа ятэ ансамблиц «Урарада»-р, - жеIэ Iащ. - Ар ди лъэныкъуэ хэта, ар зэрекIуэкIам щыгъуаз зыхуэзыщIыжа, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Чурей Дыжьын. - Абы къегъэлъагъуэ дз зы лъэпкъым и Iуэпсу дыгэрыщытыр щIыхуэхэм зыхащIэ зэрыхъуар, я зэхэщIыкIым зэрыхъэхьр. Гъэмахуэ кIуам Тумэ Махьинуррэ сэрэ адыгэ, абхъаз макъамэ Iэмэпсымэхэм я тхьдэр зэфIэгъэувэкIым ящыгъуэ зэрыгъэ

Фым фы къроКІуэ

***Дыгъужь Заудин Афыпсыпэ щыщщ. И ІэщІагъэкІэ инженер-менеджерщ. Хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, псэемыблэжу зи лэжьыгъэм бгъэдэт цыхущ. Ар нэхъапэхэщи жэуаплныгъэ зыплъ Іуэхущ1афэхэм пэрытащ. Краснодар краймэ район пажэхэм ящыщ зым и унафэщІым и чэнджэщэгъуэ щытащ, Азов тенджызы Іуфэхэм хьегъэщІылІа жылагъуэхэм хэхъныгъэр щегъэКІуэКІыным жьыджэру хэтащ.**

Сурэтым **Дыгъужь Заудинщ.**
Тезыхар **ХЪЫМЫЩ Аскэрщ.**

Абы упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдэгъэщ.

- Тхыдэм и фэеплъ гуэрхэр зэгъэпэщын зэрыхуейм уэ, дауи, ущыгъуазэщ. Нэхъ зэгуГэупхъуэ къэпІалъытэр сыт?

- Абы и лъэныкъуэкІэ узытепсэлъыхьыным тегъэр ГунэжщІ. ФІыуэ къызэгуроІуэ ящыщ гукъуэуэ зэрАІэр, ди лъэпкъым хуэфащэ фэеплъ дзэгъуэхэр зэрыдимыІэр. Ар, дауи, зылІе лЫ зыбжанэ ХьаурукІэ пхуэзэфІэмыкІЫн Іуэхуущ. Илъэс Іэджэ хъуауэ куэд топсэлъэныхь Урыс-Кавказ зауэм бэлыхь мыкІуэщІхэр щызыгъэба ди хэкуэгъуэхэм фэеплъ яхуэзгъэныкъуэ зэрыхуейм. Аущ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Іуэхур кІыхьлІыхь ящІащ.

- Мывэ іащщ зигъэув щІыпІэ гуэрым и деж, зыкъом докІри, а мывэр нэгъуэщІ щІыпІэ ягъэІэпхъуэ.

- Ар пэжщ икІи хьэдэгъуэдахэщ. Зыри гурэ псэкІэ емыгугъуу къысфІощІ мы Іуэхум. Президентым и деж сыкІуэри, Адыгэ Хасэр я пашэу.

- Гъэзэщ1 гуэрхэми захуэбгъэза?

- НтІэ. Хьэпай Арэмбий дэрэ къалэм и тхьэмадэм деж дыкІуат. ДызытекІухьар хъщящІэм, гуапэу къыдэпсэлъыпІащ, зэрыхуэфІэкІкІэ зыкъытщІигъэкъуэну дыкъигъэгугъащ.

Ди Іуэхум нэхъ къеэзгъыну къысщыхъур зы щІыпІэм щызэпэгъуэнгъу щІыпІзырщ щэнхабзэ унэр, лъэпкъ музейр, филармониер, мэжджыгыр, аХэр лъэс лъагъуэхэмкІэ зэпыщІауэ. Ди фэеплъым выпІэпІэ нэхъыбэ щалъысыпхъэщ Урыс-Кавказ зауэм лЫгъэ щызезыхьа адыгэ дзэзешэхэм, зауэлІ хъыжьхэхэм.

- Зи гугъу тщІы фэеплъыщхъуэм мылъкуу куэд текІуэнэкъхъ?

- Абы шэч хэлъкъым. Кьыддэлэпыкъупхъэщ адыгэ хьэрычэтыщІэхэри, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэри Адыгэ Хасэри, ди республикэм щыІэ къэралІуэхэри ІэпІэ-зэпхъуэ.

- А псори Іуэхум къыхьыхьэмэ, фэеплъ паркыр къызэІэпэщыным сыт хуэдизэ зэман ихьыну пІэрэ?

- ИлъэситІ е щы.

- Тхьэм хъывигъэхъуэлІэ фи мурадыр.

- Упсэу!

Епсэлъар
БРАНТЫ Казбекщ.



Адэжь щІыналъэр я гум илъу мэдсэу

Хъэхэсхэм ящыщ куэдым нобэ псэупІэ яхуэхъужащ я адэжьхэр зыщІэбэгъ щыналъэр. Ауэ ящыкъым мащІэкъым ятрегъэкъм хаща гъуэгуанэм кьрикІуэну жэрдэм зиІэхэри. Абыхэм ящыщ зыщ ди псэльэгъу Бабыгу Эргун.

-Эргун, ди щІэдыкІыкІуэхэм закъебгъэщІыхуамэ, арат

- Сэ Тыркум щыІэ Сивас къалэм епха Бабыгуей кьуажэм сыкьыщыхъуащ, си сабиитгуэр абы щыкІуащ, ИтІанэ Сивас къалэм дыкьакІуэри зы зэманкІэ абы дыщыпсэуащ, иужькІэ 1980 гъэм Истамбыл дыІэпхъуащ. Иджыпсту ди унагъуэми, Іыхьлыгъэ-благъагъэкІэ кьытпыщІахэми ди хэщІапІэр араш.

КІыхьлІыхьу сыщымыІами, сэ ІуэхукІэ нэхъапэхэми сыкъэкІуащ Къэбэрдей-Балькъэрым. Иджы быдзэ ящыщ сщІащ дэ дызыпІэщІэу дыпсэуэ жэнэт щыкІналъэр ди бынхэм псэупІэ яхуэсщІыжьыну. Ауэ, нэхъыщхьэращ, дзэ щІыпІэ ущымыпсэуами, уи гъашІэр тэмэму зэтебухуауэ, фы и лъэныкъуэкІэ щагъэхъуагъэ абы щыкІуащ, ИтІанэ Сивас къалэм дыкьакІуэри зы зэманкІэ абы дыщыпсэуащ, иужькІэ 1980 гъэм Истамбыл дыІэпхъуащ. Иджыпсту ди унагъуэми, Іыхьлыгъэ-благъагъэкІэ кьытпыщІахэми ди хэщІапІэр араш.

КІыхьлІыхьу сыщымыІами, сэ ІуэхукІэ нэхъапэхэми сыкъэкІуащ Къэбэрдей-Балькъэрым. Иджы быдзэ ящыщ сщІащ дэ дызыпІэщІэу дыпсэуэ жэнэт щыкІналъэр ди бынхэм псэупІэ яхуэсщІыжьыну. Ауэ, нэхъыщхьэращ, дзэ щІыпІэ ущымыпсэуами, уи гъашІэр тэмэму зэтебухуауэ, фы и лъэныкъуэкІэ щагъэхъуагъэ абы щыкІуащ. А Іуэхум куэдрэ согупсыс икІи абы ехьэлІауэ сыкьыздэкІуэжьынум и щытыкІэр зыхуэздэр зэзгъэщІэну, кІэщІу жьыпІэмэ, сыкъыфэпІэну, фи псэукІэм нэхъ куууэ щыгъуазэ зыхуэсщІыну гупсысэр сиІэу сыкъыфхьыхьащ. Мазищ хьуауэ сыщыІэщи, сигу иримыхьыж срихьэлІакъым, Тхьэм жиІэрэ, зэпымыууэ дыщыпсэуну хуит дыхьэращ тхьылъэр тэрэзу зэфІыхьэмэ, сихьэхэзырщ си адэжь лъахэм сыщетІысэхьыжьну, си лэжьыгъэрэ зэтезублэу республикэм и мамыр гъашІэм си гуащІэ хэслъхьэу сыпсэуну. Ди лэжьыгъэр зытеухуар сыт жыпІэмэ, компьютер, электроникэ Іуэхухэм дыпыщІауэ аращи, си гугъуи Іэщ1эгъэмкІи кьытхуэныкъуэ щыІэну.

- Псальэмакъым кьызэрыхэщащи, уэ нэхъапэхэми укъэкІуащ Къэбэрдей-Балькъэрым. Дапщэщ ягъ дыдэу адэжь щІыналъэр зэбгъэлъагъэныр кьыщюхьулІаркІи сыт абы щыхъуэсыгъуэ хуэхуар?

- СызэрыщыгъэмкІэ, ар гъашІэм езыр-езыру узыхуищ Іуэхухэтгъэщ. Пэжщ, усэ е прозэ стхынщ жыпІэрэ уегъысылэкІэ, кьохьулІэну кьыщ. ПсэхупІэ кьызэзымыт си гукъуэгъэхэр, си гукъыдэжым хэзыгъахьуэ гуфІэгъуэхэр, си Іуэху ептыкІэ зэхуэмыдэхэр тхьылъымпІэ напэм зэризгъэзэгъэнымк сыхуэщІэкъуу сыхьауад. ИкІи ахэр кьызэрызгъэлъэгъуэн псальэхэр зэгъэзыІу ауэ Тхьэшхуэм си щхьэм кьыщрилъхьэм, усэ жьыпхъэм тету ухуа хьуад. Иджыпсту усэ сотх, сыусакІуэщ жьыслэфыркьым, ауэ, итІани, зыгуэрхэр зэхьэзолъхьэ.

- «Хэку» псальэм и мыхьэнэр тІуэу зэщхьэщыхьуэ кьыщюкІуэ псальалъэм. Ягъэ ягъ дыдэу кьызэрыгъэгъуэрым ей, егъэщыпІа щынапІэ, хэгъэгу: епІуанэр - ущалъхуа лЫхэр, хэгъэ зу. Уэ уи де жкІэ сыт Хэкур?

- Си деж кІэ Хэкур анэщ, ар хузогъадэ сыт хуэдэ ІуэхукІи си гур пхузмыгъуэ, дапщэщи укъызыгурыІуэ, зи нэІэм ущІэту укъэхьу бзыпльхуэгъэльапІэм. И насыщ Хэк у-анэм и куэщІым кьыщыхьуа быным, абы и жьауэм щІэту псэум.

- Адэжь щынапІэр, укъызыхьыхьэжахэр сыт хуэдэу кьыпщыхьурэ?

- Псори гуапэу кьысхущыгъ. Си Іуэхур эзрыхьынуи теухуауэ зызыхуэзгъаэ дэтхэнэми, ар нэхъ тынщу зэрызэфІэхъыныжмкІэ чэнджэщ кьызэту апхуэдэщ. Ди гупсысэкІэр щІэзэтемыхуи щІыпІщ, ауэ лъэпкъ хьэл-щэн жьыхуаІэращи, сэри сыкьыщыхьуэ щІыпІэм щызекІуэ хабзэ.



Сурэтым **Дыгъужь Заудинщ.**
Тезыхар **ХЪЫМЫЩ Аскэрщ.**

ЧУГЕЙ ДЖИЛ:

Хэкум сыкъыщыкІуэжкІэ

Си гум хэхъуэр зыхуэпсэр джуэ кьыщурыгъэІуэн?!

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр 3-нэ нап.).

Зи бын фІыуэ зымыпсалъэ щІыпІэкъым, кьаэзрыбгъэдэсыр яфІэмащІэуи зыми Іуигъэкіуэткъым. Сэ фІыщІэ лей сыпхъыхьуэ жьыслэркъым, ауэ си хьыщхьэ закъуэ Дыжьын Хэкум кьызэрысщэжрэ илъэс пщыкІутхум щІигъащ. Адыгэбзэр урысыбзэрэ мыбдеж щызригъэщІащ, щІэныгъэ яз хъыщІыкъэ щызригъэгъэтащ, макъамэр иджащ, хуэзфІэкІ хилъхьэу мэлажьэ. А псор зи фІыщІэр фэращ, хэкурысхэрщ, Щыгтъуі лей хэтъкъым мыбы, Тхьэм фигъэпсэу, вжьзоІэ псоми!

- Адрий, щхьхэуэу уи гъэзэпсэтъыхьыну сыхуейт иджыблагъэ дунейм кьытехьа уи тхьылъыщІэм.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩІДАА-м и вице-президент ХьэфІыщІэ Мухьэмэд утетхыхьыныр сыт кьыхьэхьар? Сыт абы къежьыщІэ хуэхьуар?

- ХьэфІыщІэ Мухьэмэд и щІэр жьыпІэн щхьэкІэ мис апхуэдиз псалъэ уэ къэбгъэсэбэщащ. Сэри си епльыкІэр кьрисІуатэу тхьылъ стхащ. Сэ кьызэрыслытъэмкІэ, лъэпкъ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм щІыхь яхуэтщІын хуэеиц, сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, ахэращ адыгэм кьыдекІуэкІа пасэрей хьытыуэфІыгъуэхэр зыхьуэрэн, идыкьерей щэнхабзэмрэ гъуаздэкэмрэ езыгъэфІакІуэри. Мухьэмэд апхуэдэ гуащІэрыпсэухэм ящыщ зыщ, ауэ ар япэ щІигэгъащ и щхьэусыгъуэр хэхэс адыгэхэм ятеухуауэ тхьылъ нэхьыбэ дыдэ и Іэдакъэ кьыщІэкІарщ.

Мухьэмэдрэ сэрэ илъэс 34-рэ хьуауэ дыдэзыбжьагъущ. НыбжьыгъуГэр ныбжьэгъуГэщ, абы и Іуэхур щхьэхуэщ. НыбжьэгъуГэр ныбжьэгъуГэщ, абы и Іэдакъэщ1экІым, и лэжьыгъэм, и гуащІэдэкІым пщІэ зэрыхуэсщІыр кьэзгъэльагъуэмэ, сэ абы хэсльагъэмкІэ адрейхэм садэгуашэмэ сфІэфІу стхауэ аращ мы тхьылъыр. Гурэ псэрэ хилъхьэу ХьэфІыщІэ Мухьэмэдэ зэлэжьа къэомы, утыкум кьриплъхьа гэжьыгъэм и пэдкэжьир егъэльагъэну сыхуейт.

Дэ адыгэм зы хьэл мыгугъужь диІэщ: фІыщІэ щхьэуфащэ щІыхьэ дыщытхъуфыркъым. Сэ а гупсысэр игъащІэм зымпдэсІыгакъым икІи дэсІыгъыну сыхуейкъым. ИмышІам ди Іуэху хэтъкъым, ауэ щІыхьмрэ щІыхьгъэмрэ хуэщхьэпэну зыгуэр зылэжьам хуэфащэ пщІэ хуэтщІыныр игъуэу сольытэ. Си гугъу пщІым ар зэхихэр, «сэ сызытелажьэр псыхэкІуадэ хьуакъым- жиІэмэ, а зыпэрыт Іуэ хум нэхъри нэхъ жьыдкэр хуэхъунущ, лъэпкъым нэхьыбэ жкІи хуэщхьэпэнущ. Аракъэ хъер кьызыдэкІуэр?! ИкІи, сэ кьызэрыслъытэмкІэ, ХьэфІыщІэ Мухьэмэд хуэмыфащэу зы псалъэ стхакъым, хуэмыныкъуэмэ, зыри лейкъым.

- СызэрыщыгъэзэмкІэ, а тхьылъым теуХуа тхыгъэ истамбыл кьыщыдэкІ газетхэм ящыхьэ тетащ...

- Пэжщ, цІыху мелуанрэ ныкъуэрэ щыпсэу У рамие районыщхуэм кьыщыдэкІ «Метрополь» газетым тетащ. ХьэфІыщІэ Мухьэмэд теуХуа си тхьылъыр кьыдэкІуэу щыІэхэхьми, ар кьагъуэ таш, си дежи кьакІуэкри кьызэпсэльащ, сэ стеуХуэ тІэкІри ятхри, газетым кьытрадзащ.

Зи гугъу сщІы а щІыпІэм адыгэ дапщэ щыпсэуми сэ сщІэркъым, апхуэдизкІэ куэд мэхъури. Ахэр газетым еджащ, тхьылъыр зыІэрызыгъэхьэфахэри яхэту кьыщІэкІащ, и ныкьуэр телефонкІэ кьызэпсэльащ, ящыныкъуэхэри кьакІуэурэ кьызэкъуэ хьуащ. «Апхуэдэ цІыху уи тхьылъымкІэ кьызэрытщІыхуар ди гупэщ, Тхьэм унгъэпсэу!» - кьызжаІащ.

- Адыгэхэм ди фэеплъ махуэм теуХуауэ куэд жаІащ, куэди ятхащ. Адий, Абы епхауэ уэ уиІэ гупсысэхэмкІэ укъыддэгугъэшащ ди гуапэ.

- Щыхуэм и гъашІэмрэ тхьэпкъым и тхьыдэмрэ зэрызэпыщІар куэдкІэ ещхьыц1ымрэ тхьымрэ зэрызэхэтым. Абы щызэдгъэгурыкІуэ гуфІэгъуэри гуэзвэгъуэри. Тхьыдэ хьужа лъэпкъ гуаузшхуэм хуэуащІуэныр, ар унгу къэбгъэкІыжьныр, псалъэ гуэр хужьпІэныр Іейкъым. Ауэ ар кьызыкІуэ зэманым кьыгепщу, кьыгепхуу иджы дызыхьэпсэукІ лъэхьэнэм мардэ хуэпщІ хьунукъым. Ар тхьыдэм кьыхэнащ, куэди дэкІащ, ауэ зэманыр кьызэщІэкІуэжькъым. А махуэр дигу кьэдгъэкІыжьи, дытепсэлъыхьыну щІыхьэпри апхуэдэ гуІэгъуэ лъэпкъыр дыхъэмытыжьыну щІэхэсІ. Ар ящыщ я тхьыдэм кьыщыхъуащ гуааи, лъапсэнхи, нэщІэбжьи. Дэри апхуэдэхэм дащыщщ.

Мы махуэм кьеІуалІэ, ар кьызыщфІэІуэху, абы тепсэлъыхь, тетхьыхь цІыхухэм я гупсысэм пэгъуНэгъу сыхьу кьысфІэщІу жьзоІэ: ЩыгъуэмахуэрэтІыщІэж махуэжьыщ! Кьэмыхьуамэ, нэхьыфІт, ауэ кьэхуэмкІэ, ди ягъэ итахэм я нэгу щІэкІамкІэ нобэрэйсэр дыкьуаншэкьым, абы дэрэ дыхуеякьым, лъэпкъыщхьэм и цІыхуу нобэ псэухэми ар я лажьэкъым.

Мыхэр щыжьыСІэкІэ пэжыр бзыщІыным, тхьыдэр щІэуфэным фыкьыхуездэжу аракъым, ауэ блэжьа зэманыр дыгъэр кьыкьуэкІыу зэрыкьухъэм ещхьу дыгъуаэ хьужащи, фІым дыхуэвгъапльэ, дыхуэвгъэлажьэ.

- Упсэу, Адий!

Епсэльар **НЫБЭЖЬ Таисэщ.**

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

ЛъэІу

Адыгэ лъэпкъым и Іэпкълъэпкъ пщыкІутІ-
Адыгэ анэм и зэш бын гъуэзэджэ,
Фи адэжь Хэкум вагъуэу фыщылыдт,
Фыкъэзылъагъуэхэр кьызвэхъуапсэу зэкІэ.
Натхъуэджыр, Бесльэнейр, Еджэрыкъуейр,
Жанейр, Мэхъэущыр, Хьэтыкъуейр, Шапсыгъыр,
ИтІанэ Абазэхэр, Къэбэрдейр,
Адэмей лІакъуэр, КІэмыргуейр, Бжьэдыгъуэ -
Кавказым и дахаплэр фэ фи Хэкут,
Щыгулъым я нэхъ бейр фи хьэсэ щІапІэт.
Къэрал зэмыщхьхэм кьыфхуэпщу гъэзгур,
Фи тенджыз ІуфІэр яІэт кхъуХ тедзапІэу.
Иджы фэ дуней псом фыщикъхъащ...
Фэрыншэу нэщхъеяІэщ чэщей мэзхэр,
Фэрыншэу уэгум вагъуэ щипхъыхьар,
Мэкъуауэ бадзэу, мафІэ нэпцІкІэ мэсхэр.
Адыгэ лъэпкъым и лІакъуэ щыкІутІ,
Іэпкълъэпкъыу цІыхуми фэ фхуэдизщи иІэр,
Зыгуэр фыхьащІу, и гур ивмыуд
Фи псэуныгъэр гурыфІыгъуэу знІэм.

Адыгэхэр хэкум кьокІыр

ЯунэщІауэ я унэхэр,
Кьатеуауэ я дунейхэр,
КьакІэльэпль
кьагъэнахэр -
Адыгэхэр хэкум кьокІыр.

ЯмыщІэххэу дэнэ кІуэми,
Я щхьэ сыт кьрикІуэнуми,
Хэк ущІэ яухуэну
Адыгэхэр хэкум кьокІыр.

Ди хэкур жэнэт кьуапэщ,
Ар дэрКІэ куэду льапІэщ,
Я псэхэр абы кьранауэ -
Адыгэхэр хэкум кьокІыр.

Я гъащІэхэр зауэкІэ кІуауэ,
Я щхьэхэр кьыфІэхуауэ,
Я хэкур яІэщІэкІауэ -
Адыгэхэр хэкум кьокІыр.

УпщІэ

Мазэм зегъаз,
Дыгъэм кьеГаазэ.
ЖыІэ: сыт щыгъуэ
Дэ дзгъэзэжьну?

Уэсыр кьеХуэ хмэ,
Псыуэ мэткІужьр.
ЖыІэ: сыт щыгъуэ
ДекІуэлІэжьну?

* * *

Адэ Хэкум сынэмысу
Сэ хэмащІым сыщылІэм,
Сыкъэзышам сигу емыбгъэу
Сызымышъэжьм
сигу ебгъэнщ.

«Сыадыгэщ» жысІэ мыгъуэу
Хамэ жылэм сахэсыжьм,
И бэз ищІу и хэку исыж
Адыгэм ягу кьызэбгъэнщ.

БАБЫГУ Эргун

Иналрэ Оксанэрэ

***Сирием, Тыркум, Иорданием, Америкэм, игъэущІ къэрал куэдми щыкъуэхуауэ щыпсэу ди лъэпкъэгъу адыгэхэм я гъащІэм, псэукІэм, дуней тетыкІэм, я ехьулІэныгъэхэм теуХуа хъыбар гуапэ щызэхтхкІэ, хьугъуэфІыгъуэ гуэр кьыштхъыдуэу догуфІэ, догушхуэ. Адэжь Хэкум абыхэм ящыщ къыщыкІуэжкІэ, я уиІэныгъэ щагъэхуэжІэ, лъэ быджкІэ щыжьІэ ихьыбэжьу дыщогуфІыкІ. Абыхэм ящыщщ Ахуэмгъуэт Инал, Сирием илъэс шыбжанэ и пэкІ кьыкІыжар.**

Иналрэ абы и щхьэгъусэ Оксанэрэ я псэукІэ дахэр Хэкум къэзыгъэзэжьыну хуейхэм, ауэ щхьэусыгъуэ щхьэхуэхэм кьыхэкІыу темыгушхуэхэм я дежкІэ щапхъэ гъуэгуанэжу къэпльытэ хьунущ. Нартхъанэ щыпсэу зэщхьэгъусэхэм я гъащІэм теуХуа упщІэ зыбжанэкІэ захуэдгъэзащ.

- Инал, укъыщыхьуа щІыпІэм, кьуажэм дыщыбгъэгъуэзатэмэ арат.

- Сирием адыгэ кьуажэ куэд щыІэщ. Сэ абыхэм ящыщ нэхъ кьуажэщхуэм - Кьынейтрэ - сыкъыщалъхуащ, сыкъыщыхьуащ. Ар ауэ сытми ди адэшхуэхэм псэупІэ яиІатэкъым - пскьІэ, мэкІэ, бзыкІэ кьУелІт, псэупІэ унэхэмкІэ, ІэщхэмкІэ дыкьызэгъэпэщат, ауэ псоми зэращІэщи, журтхэр хьэрыпхэм кьатеуа ижь, сыт диІами абы хэкІуэдащ. Насып диІэти, псэууэ дыкьелри, Щам псэупІэ тхуэхуащ. Абы курыт еджапІэр, ижькІэ электрикхэр щІагъэхьэныр техникымур кьыщыІэхащ. Хэкум укьихьэжьну хуит уащІ щыкъуам, ятэ дыдэу жэнэт щІыналъэм сыкъэкІуэжащ щытащ. Абы щыгъуэ сэ хьэкъ сщыхьуат, си адэ-анэм зэрыжаІэу щытам хуэдэу, ди Хэкужьым и бельыджагъэр. Ауэ, пэжыр жьсІэнщи, сыкъэкІуэжьпэн щхьэкІэ гугъуехь куэд сыІуущ, кьэпщытэнщэ мымащІэм сыпхьыкІащ.

- Сирием уи Іуэху щыдэбгъэкІыфынут. ІущІагъэ уиІэт. Хэкужьым укьихьэжьныжьмкІэ лъэпощхьэпо кьыщхъхьуэхэм згъэнщыщакьым, укьикІуэтакьым. УхущІегъуэжьркъэ кьыгъэрыбгъэзэжам?

- Хэкум текуауэ хьыбар гущІегъуэн куэд сызэрыщІыкІуэр зэхэсхащ сэ. Ди адэ Казимэр ди анэ Хьэбибэрэ бынитх дапІати, тщыщ дэтхэнэ зыми нэхъыщхьэу ильытэр ди адэжь щІыналъэм дыкьызэрыкьуэжьныт. А зэманым ди адэр полицэм хэтт, цІыхугъэ, ныбжьэгъу куэду иІэт, ахэр ди деж кьакІуэурэ щызэхэт, нарт хьэбарыжьхэм, лъэпкъым и лЫхьужьхэм, ябгына щІыналъэм и гугъу ящІыт. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэу абыхэм я псалъэмакъым щыпхъшар Іуащхьэмахуэ зэ ялъагъужьныр зэрахьэпсанІэрт. Дауи, а псори сэбэпышІуэу кьыскъэхъуащ Хэкур адэ-анэм, быным хуэдэу фІыуэ сольагъуныжьмкІэ. Сэ ящэу мы щІыналъэм сыкъыхьжащ 1990 гъэм, зыпльыхьакІуэ гупым сахэту. ИужькІэ, «вид на жительство» паспорт сиІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъыщыкІуэжам, сыт хуэдизу сымылъэІуами, кьэралым и щэхэрылажьэхэм сызэхамыщІыкІыу Хэкум срахужьауэ щытащ. Джатэ щыхуІущ. Ар Хьалил и гъусэу мэпсэу. Адрей си щыпхъэитІыр - Набихьэрэ Сухьэдрэ - Иорданием щопсэу.

- Инал, уэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэбгъэзэжьи и пэкІэ Сирием, анхуэдэуи Иорданием, Америкэм, Андоррэ ущыпсэуащ, ущылэжьащ. Щхьэгъусэ нухэхъуи абыхэм ущримыхьэлІауэ ара, хьэмрэ адэжь щІыналъэм кьыщыщымэ нэхъ кьэнщта?

- Пэжщ, сэ кьэралуэдэм сыщыІащ, щэч хэмыльуи, пщащэхэми мащІэу сарихьэлІащ, ауэ куэд щІауэ сеи гугъапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыт Хэкужьым унагъуэ щызэхуэну. Си насып текІуэри, апхуэдэу хьуащ. Илъэсихым щІигъуэу дыздэпсэу Оксанэрэ сэрэ, ЩІалэ щыкІуэрт диІэщ - Іэдэмрэ Іэзэррэ. Нэхъыжьыр - ильэситху, нэхъыщІэр ильэситІ мэхъу.

- Оксанэ, Иналрэ уэрэ фызэгъусэу щІыхуэбгъэм я узыншагъэм щыкІэльыпль Іуэхущ1апІэ екІу уи щІэр зэрихьэу кьызэІуфэщ. Абы и гугъу кьытхуэщІамэ ди гуапэт.

- Хэти зэрищІэщи, гугъущ иджыпсту сыт хуэдэ дэжьапІи кьызэІупхьину, абы и лъабжьэр бгъэтІылъыну, зыхуэфІ Іэмэпсымэхэр, ахэр Іэуэ, лъакІуэу зыгъэзажьэр Іэщ1агъэпІЭр кьэбгъэущ. КІэщІу жьыпІэмэ, лъэпощхьэпо куэд кьызэбгэкІын хуейт мэхъу. Ар дэ кьыдэхьуІащ зэдзэуэ дызэрызэдэлажьэм, дызэрызэкъуэтым и фІыгъэкІэ. Шъджьхьэщ1эм и щІэкІэ щыІэ уэрамым кьатитІу зэтет унэ тетщІыхьащ, и лъабжьэр ди Іуэхущ1апІэрщ, еГуанэ кьатым унагъуэр дыщопсэу. Зи щыхьэнщэ дызэрымыкІэр и фІыщІэщ ди щылажьэхэу, категорие нэхъыщхьэ зиІэ акушеркэ Къамбий Лилэ, УЗИ-м ирилажьэ дохутыр Соблир Иннэ, адміністратор Хьэкъун Агнессэ сымэ.

- Инал, сыт хуэдэ псальэхэмкІэ захуэбгъэзэнт уи хэкуэгъуэхэм?

- Сыхуейт мы дунейм щикъухьа си лъэпкъэгъуэхэм фІыр я гурагъэу, гугъуехьхэм щымыщІынэу я адэжь-хэм я уэсятыр яГъэзэщІэну, Хэкужьым нэхъыбэу кьихьэжьну, бзэр, хабзэр яхьумэжьну. Нэхъыщхьэр гу кьабзэкІэ дызэбгъэдэтынырщ, дызэкъуэтынырщ.

СОКЪУР Жамболэт.
Нартхъалэ.

Іуащхьэмахуэ, сынолъэІу!

Нобэ зэхьызох,
Жьгъырууэ уи уэрэдыр,
Уи щхьэ тхьуари
Сольагъу гуапэу,
Си лІакъуэ.
Еруубэ цІыхухэм
ЗэпэІэщІэ дыдэ
ДащІын яльэкІынкъым -
Уи Іэр кьыдэт
Закъуэ!
ІэплІэ кьызэпшэжьІыу,
Уи куэщІ сигъэ тІысхьэ, -
Си хэку ІэплІэм
СыщІэбэгъу
ПщІыхьым сыхэ тт.
Ильэсыбэ хьуауэ
ПхуэсІэтауэ си щхьэ,
Сомэх -
Уи псынэпс
Зэ кьыдэт!

ЛУ Джхьэн.

Сэ сызыхищІэу хыри мэгъэ

ЩхьуантІэщ тенджыз
ФІыцІэм
И толькъунэр...
Уэрщ кьыхсу этыр -
СыщІэпльэнут уи нэм!
Тенджыз Іуфэм сыІутщ -
Хым сыхоплъэ.
Уэрщ си гъащІэр -
Гур, зихуэу, ппоплъэ.
Уэрыншэу сыпсэмэ
Сэ сльэкІыжьхьым -
Тенджыз ФІыцІэ Іуфэм
СыщІэ скуІукІыжьхьым.
ЗэтегупльэжьхэУ
Толькъунэр я къуэщ, -
Ухьугъэ фІыцІэм
Уэрыншэу сыщІэсфІ.
Хьуащ лъагъэныгъэр
Мы си гум иэ...
Сэ сызыхищІэУ
Хыри мэгъэ.

ШЫГЪЭЛЫГЪУЭ Мэжид.

Хэхэс гъащІэ

Си лъэпкъ псальэжьхэр
гъуэгу гъуэмылэу
Гъуэгуанэ сытеуБэжащ.
Іэр кьиныкуэ Хэкур
кьапльэу
Кьыщыхьури, псэр
къэушыжащ...

ПщІыхьэпІэр
къигупсысами си гум,
Си хэкэр гъащІэм
сохутэж.
Арщхьэкіэ кьоблэ адэжь
жьэгур,
Гур дзэщІыЭм псэр
мэкІуэж.

ХЪУНЭЖГУ Надие.

ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ, *"Адыгэ псалъэ" газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ*
ДЕРЕЭ Тимур, *"Адыгэ макъ" газетым и редакторэ нэхъыщхьэ*
ТХЬЭГЪЭПСЭУ Зыбжыхьу, *"Черкес хэку" газетым и редакторэ нэхъыщхьэ*

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

КъБР-м ЩІэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ �ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэ т 20.00-м. Щытрадзэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 10.289
Заказ №1483